ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№61 (24.031) ● 2020 гъэм накъыгъэм (майм) и 27, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Іэтащхьэр епсэлъащ республикэм и медицинэ Іуэхущ Іапі эхэм я унафэщ Іхэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек видеоконференц мардэм иту иджыблагъэ епсэлъащ щІынальэм и медицинэ Іуэхущ Іапі эхэм я унафэщ Іхэм. Зэлущ Іэм хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ І Мусуков Алий, «Роспотребнадзор»-м и Управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщ І Пагуэ Жыраслъэн.

ЩІХЬЭТЕЧУ щІызэпсалъэм республикэм и Унафэщ Іымрэ КЪБР-м и медицинэ лэжьакІуэхэмрэ я гугъу ящІащ коронавирус узыфэ зэрыщІалэм щыпэщІэт мы лъэхъэнэм хьэрэ зи чэзу Іуэхухэм, Іэнатіэр зыІуэ гугъуехьхэм, Іэтащхьэр апхэдэуи едэІуащ дохутырхэм я лъэІуэхэмрэ жэрдэмхэмрэ. Къэбгъэльэгъуэмэ, зэпкърахащ COVID-19-р зэуэлІа сымаджэхэм зэрадэІэпыкъу щІыкІэр, сымаджэщым щІэмылъу зи тхьэмбылыр уэ хъуахэм хуащІэ Іуэхутхьэбэзэкэр, медицинэ Іуэхущ Іапі эхэр материально-техникэ и лъэныкъуэкІи лэжьакІуэхэмкІи кІыхьзрызэгъэпэщар, коронавирус зыпкърытхэр зыгъэхъужкэу щытыкІэ гугъум иту зи кьалэнхэр езыхьэкІэм я улахуэм хущІагъун хуей ахьшэр зэрадІэрыхьэр.

КІуэкІуэ Казбек зэпщІэр къыщыдзэІуихым сымаджэщэм, апхэдэуи республикэм и цІыхухэм я узынщагъэр хьэмэным иджыпсту хэкъуэдаУэ ящъ ит Іуэхущ Іапі эхэм я лэжьакІуэхэм фІыщІэ яхуищІащ я къару емыблэжьу, щытыкІэ зыхьэрымыкІуэм иту, езыхэри сымаджэ хъункІэ щынагъэхэр щыІэми, я Іэнатіэхэм зэрыпэрытым папщІэ: «Вирусым зыщиубгъу мы лъэхъэнэм хуэдэ иджырей тхыдэм къыхэхуаУэ ящІэжыркъым. Си гум къыбгъэдэкІыу фІыщІэ фхузощІ республикэмки къэралми я дежкІэ къыззэрымыкІуэу щыт мы лъэхъэнэ гугъум фи лэжьыгъэр хьэлэлу зэрыжгъэзащІэм щхьэкІэ. Мы щытыкІэр гъэунэхуныгъэшхуэщ узынщагъэр хьэмэн Іэнатіэ псом и дежкІи, фэ фщыщ дэтхэнэ зым и дежкІи», - жиІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм.

Республикэм и Унафэщ Іым къыхигъэщащ КЪБР-м и медицинэ лэжьакІуэхэри узынщагъэр хьэмэн Іэнатіэр зэрыщытуи эпидемием щІыхь пылъу зэрыпэлъэщыр икІи абы щІыхьэт техІуэ екъулІэныгъэхэр къызэрагъэльагъэр. Абы и щапхъэхэщ гъэлъыпІэ лейхэр сымаджэщхэм къызэрыщІэзрагъэпэщар, лэжьакІуэхэри щытыкІэ гугъум зэрыхэхъуэр, узыфэм илыкІхэри куэд дыдэ зэрымыхъуэр.

Коронавирус узыфэм пэщІэтын и лъэныкъуэкІэ республикэм щыІэ щытыкІэм щІынальэм и Іэтащхьэр щыгъуаэз ищІащ КЪБР-м узынщагъэр хьэмэнымкІэ и министр Къалэбатэ Рустам.

Абы къыхигъэщащ COVID-19 узыфэр зыпкърытхэр щІагъэгъуэлъхьэн папщІэ кьалэ клиникэ сымаджщ №92-м хьихьэу иджыри зы госпиталь мыгувэу къызэІуахыну зэрагъэхьэзырыр, цІыху 200-м зэуэ щІэзэфын хуэдэу, гъуэлъыпІэхэм я процент 78-р кислород ІэмэпсымэхэмкІэ къызэгъэпэщауэ. Узыфэ зэмылпІэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм щІэзэ щІыналъэзэхуаку сымаджэщми щызэфІагъэкІ гъуэлъыпІи 120-рэ зыщІэхуэну госпиталь къызэІухыным ехьэлІа лэжьыгъэхэр.

Урысейм Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм нэхъ пасэу иращІыпІа зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ ИВЛ аппарату 32-рэ кьалэрыхьэнчэ, федеральнэ республикэ бюджетхэм я хьэкъкІэ апхэдэ дыдэ Іэмэпсымэу 12 къащхэращ. УФ-м и Правительствэм и унафэкІэ къащхэу инвазивнэ Іэмал хэмыхьэу тхьэмбылым зэрелІэзэ Іэмэпсымэу 76-рэ, ИВЛ аппарату 8, компьютер томографу 2, бгъэІэпхьэу хьу рентген аппарату 3, бгъэІэпхьэу хьу УЗИ-уэ 4, лым кислороду хэтыр зыхуэдизыр къызэрапщу 100, лым газу хэтыр зыхуэдизыр, цІыхум и пщтыраныр здынэсыр къэзыгъэлъагъуэхэр, сымаджэ къэбгъэдэт мониторхэр, хьэуам и псыгъэр мардэм тезыгъэт Іэмэпсымэхэр.

Сымаджэщхэм щІэмыгъуаІъхьэ щІыкІэ пневмоние узыфэр зэуэлІауэ кьахутахэм якІэлъыплъымкІэ щІэзэ, балигъхэми сабийхэми папщІэ кудамэхэр.

Щхьэхуэу зэІуущІэм щытепсэлъыхьащ COVID-19-м пымыщІа узыфэхэр зыпкърытхэм республикэм медицинэ Іуэхутхьэбзэ зэрыщІэхуащІэ щыкІэмэ.

Ялэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ цІыхухэм езыт Іуэхущ Іапі эхэм щакІэлъэплъ зэрыщІалэу щымыт уз гъэтІылъа зиІэхэм, дохутырхэм я нэІэ зэпымыууэ зытетыпхьэхэм я щытыкІэм. Гулъытэ хэха хуащІ зи ныбжь хэкІуэтахэм, абыхэм я унэхэм кІуэурэ медицинэ лэжьакІуэхэм щІэх-щІэхыурэ щыгъаэз защІ я узынщагъэр зыхуэздэм. Я узыфэм къыхигъэзыхьмэ, абыхэм щІэзэ зыхуэфащэ сымаджэщхэм е я унэхэм. Уз зэрыщІалэр нэхъ зэуэлІэнкІэ щынагъуэ ныбжьым итхэм, поликлиникэхэм куэдрэ ямыгъэкІуэн хуэдэу, я узыфэхэм техуха рецептхэр махуи 180-кІэ ящыкъуи хуэдэу хуатх.

COVID-19-р зэфыкІэхэр зыгъэхъуж медицинэ лэжьакІуэхэм я улахуэхэм хущІагъуэхэм я гугъу щищІым, КЪБР-м узынщагъэр хьэмэнымкІэ и министрым къыхигъэщащ мы зэманым ирихьэлІэу 2020 гъэм и гъатхэпэмрэ мэльыхьыхьымрэ пэкІуэ ахъшэр зэрыратыжар. ХущІагъуэхэр зыІэрыхьэжахэр цІыху 1729-рэ мэхъу. А лэжьыгъэм пащэ икІи зэпымыууэ кІэлъыплъныгъэм щІэтщ.

КІуэкІуэ Казбек министерствэм и лэжьакІуэхэр къыхуриджащ щыналъэ, кьалэ администрацэхэм я унафэщІхэмрэ узынщагъэр хьэмэным и муниципальнэ Іуэхущ Іапі эхэмрэ нэхъ быдзу ящыщІауэ ядэлажьэну.

КЪБР-м узынщагъэр хьэмэнымкІэ и Іэнатіэм и лЫкІуэхэм щІыналъэм и унафэщІым фІыщІэ хуащІащ зэрызащІигъакъуэм, и гулъытэм папщІэ.

«Дэ дэлъыта псори тщІэнщ, фэ дывдэІэпыкъун папщІэ. Сэ нобэ жэуап щысэохь фэри, республикэм исхэми я пащхьэ. Республикэм щыпсэухэм я пащхьэ фэр папщІи жэуап щызохь. Фэри жэуап фхьын хуейщ фи лэжьыгъэмрэ зи унафэ фщы гупхэм я лэжьыгъэмкІэ, фльэкІ къэвмыгъанэу фыгъэжьэн, дэтхэнэ зы гъэщІэми фыщІэбэнын хуейщ. Дыгуп зэкъуэтщ, дызэгъуэсу дэ сытми дызэрыпэлъэщын къару диІэщ. Мы щытыкІэ гугъум хэщІыныгъэ нэхъ мащІэ дыдэ фІэкІа димыІэу дикІыну сыхуейщ», - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Казбек.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эмрэ.

КЪБР-м и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр 2020 гъэм накъыгъэм и 28-м зэхэтынущ. Зэлущ Іэм щыщІидзэнрэ сыхьэти 10-рщ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі эмрэ.

КІуэкІуэ Казбек видеозэІущ Іэ ядригъэкІуэкІащ республикэм и хьэрычэтыщ Іэхэм

Дыгъуасэ, Урысей хьэрычэт Іэнатіэм и махуэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ КЪБР-м и бизнес-зэгуэхэныгъэмрэ хьэрычэтыщ Іэхэм я жылагъуэ объединенэхэмрэ я лЫкІуэхэм я зэІущІэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Унафэщ Іыр видеоконференц мардэм иту епсэлъыпІащ щІынальэм и хьэрычэтыщ Іэхэм икІи зэпкърахащ коронавирус уз зэрыщІалэм щыпэщІэт мы лъэхъэнэм я Іуэху зыІутхэр, Іэнатіэм зегъэужьынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр, абы дэІэпыкъуным хуэунэтІауэ зэфІагъэкІахэм кьрикІуахэр. Апхэдэуи Іэтащхьэм зыщигъэгъуэзащ къыхалъхьа жэрдэмхэм, зэфІагъэкІын хуейІуэ кьапщыт зи чэзу кьалэнхэм.

Зэлущ Іэм хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ І Мусуков А. Т., КЪБР-м щыІэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Т. Э., КЪБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ экономикэ Іуэхухэр зэгъэщІылІа я къудамэхэм я лЫкІуэхэр, КЪБР-м и Сату-промышленнэ палатэм, республикэм и Промышленникэмрэ хьэрычэтыщ Іэхэмрэ я зэгуэхэныгъэм, «ОПОРА России» жылагъуэ зэгуэхэныгъэм и щІынальэ хущамэ я унафэщ Іхэр.

Видеозэ Іущ Іэр къыщызэІуихым, КЪБР-м и Іэтащхьэм къыхигъэщащ псалъэмакъыр Урысей хьэрычэт Іэнатіэм и махуэм хуейуэ зэрырагъэхуар: «Мы махуэшхэр щытщ жылагъуэм зегъэужьынымкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ кьалэн къэралым и хьэрычэтыщ Іэхэм зэрагъэзащІэм и дамыгъэу. Фэ фщыщ дэтхэнэ зыри фІыкъызгъэпэщакІуэшхуэщ, фи щхьэмрэ фи унагъуэхэмрэ зыхуей-зыхуэфІэкъкІэ кьызэрагъэпэщыф щхьдейкъым, атІэ дэтхэнэ зыри «зыужьыныгъэм и къежьапІэу» фыщытщ, цІыхубзэр кьызэщІэзгъэуІуэрэ вгъэлэжьэфу, абыхэми я унагъуэхэр ягъэпсэунымкІэ щІэгъэкъуэн фхьхуу, социальнэ кьалэнышхуэхэр зэфІэвгъэзыкІыфу».

КІуэкІуэ К. В. къыхигъэщащ мы зэманым, COVID-19 узыфэм зыщиубгъу лъэхъэнэм, псом хуэмыдэжу наІуэ къызэрыгъуар КЪБР-м и хьэрычэтыщ Іэхэм щыІэ я псэукІэмкІэ жэуаплъныгъэхуэ зэрахьыр зэрызыхащІэр. ЩытыкІэр зэрыгугъуэм щхьэкІи къэмынэу, абыхэм ящыщ куэдым езыхэм я нэІэ щІэт гупхэм зыщІагъэкъуэм и мызакъуэу, гъащІэм лъэпощхьэпохэм щыІууэ цІыхухэми япэІэбэфащ. Щынальэм и Унафэщ Іым бизнесменхэм фІыщІэ яхуищІащ республикэм щыпсэухэм зэрадэІэпыкъуам папщІэ.

«Мы зэманым ди къалэн нэхъыщхьэр хьэрычэтыщ Іэхэм я лъэр щІэмыхун папщІэ защІэдгъэкъуэныщ, абыхэм адэкІи зауэжьынымкІэ Іэмал еттынырщ, цІыхухэм я Іэнатіэхэр яфІэмыкІуэдыныр. Абы папщІэ къэтщтауэ пхыдогъэкІ федеральнэ, щынальэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхухэр», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек. Абы къыдэкІуэу, КЪБР-м и Іэтащхьэм хьэрычэтыщ Іэхэр къыхуриджащ кьыхалъхьа Іэмалхэм итэжьипІэкІэ сэбэпныгъуэ къахьыр зыхуэдизыр наІуэу жаІэну.

Іэнатіэм игъэутыну яубзыхуэ дэІэпыкъуныгъэхэм теухуауэ хьэрычэтыщ Іэхэм къабгъэдэкІа лъэІухэм нэхъ зэпкърыхаУэ тепсэлъыхьащ КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Рахаев Борис.

Къэбгъэльэгъуэмэ, абы жиІащ кредитлизинг зэгурыІуэныгъэхэм щыбзыхуэ щІыхуэзэмкІэ яхудэчыхьыным, щІыхуэхэр щатыжьыну гІальэхэр яхуэгъэІэпхъуэным теухуауэ 2020 гъэм мэлыжьыхьым и 3-м къыщыщІэдзауэ КЪБР-м и хьэрычэт Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ щылажьэхэм ящыщ 318-м зыкъызэрыхуагъэзар, а лъэІухэм я процент 75-м арэзы техуащІкІыщ. Банкхэм езыхэм я программэхэм япкъ иткІэ, хьэрычэт Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ щылажьэхэ субъект 251-м я зэрыщІэхэм яхухоплъэж. Я лэжьакІуэхэм улахуэхэр иратын папщІэ процент зыкъызэралъхурэ илъэси 143-рэ ирокъу.

♦Урысей Федерацэм и ЦІыхубэ артист, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Шалевич Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъуроку Хьэутий** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Урысей кинематрисэ, теленэтыхэр езыгъэкІуэкІ, УФ-м щыІэх зиІэ и артисткэ **Шукшина Марие** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм гradyuz 23 - 25-рэ, жэщым градус 13 - 15 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Тыркум и Президент Реджеп Тайип Эрдогъан адыгэхэм захуегъазэ

Накъыгъэм и 21-м Тырку Республикэм къыщыдэкІа газетхэм «Ди къуэшхэм я гуаузр тщыгъупщакъым» фІэщыгъэм щІэту къытрадзащ адыгэ лъэпкъым зэман жыжьым къытехьа лейм теухуа хъыбархэр.

АПХУЭДЭУ «Yeni Şafak» газетым тетщ Президентыр адыгэ лъэпкъым зэрыхуэщІыгъуэр. «Зи хэкужь зэрырагъэбгынэрэ илъэси 156-рэ ирикъу ди къуэш шэрджэсхэм я гуауэр ядызогуэш, а зауэжьым хэкІуадаХэм Алыхьым гущІэгъу къахуищІыну сахуолъаІуэ», - щетх Эрдогъан Twitter-м щиІэ напэкІэщІым.

Анкара къыщыдэкІ газетым тетщ "Шэрджэсхэм я нэхъыбэр зэрымуслъымэныр, ахэр урысхэм илъэси 101-кІэ зэрапэщІэтар, лъэпкъ гъэкІуэдыр къызэрыхуагъэкІуар". «1864 гъэм хы ФІыцІэ Іуфэм Іус Сочэ кьалэ деж щекІуэкІа зауэм шэрджэсхэр щыхагъэщащ, икІи Урыс пащтыхьыгъуэм хы ФІыцІэ Іуфэм щегъэжьауэ Каспий нэс Кавказыр зыІэщІилъхьащ. Абы щыгъуэм адыгэ мелуанрэ ныкъуэм я хэку ирагъэбгынауэ щытащ, икІи Уэсмэн пащтыхьыгъуэм и гуащІ кьихухтащ», - етх «Yeni Şafak» газетым.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Лъэпкъ Іуэхухэм йолажь

Бахьсэн щІынальэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Балъкъыз Артур и къуэдзэхэр и гъусэу къипщытащ къуажэхэм лъэпкъ программэхэр зэрыщагъэзащІэр.

ПСАЛЪЭМ папщІэ, Жанхъуэтекъуэ къуажэм «Иджырей мардэхэм тет къалэхэр ухуэн» программэм хьихьэу 2021 гъэм зыхуей щыхуагъэзынущ цІыху куэд щызэхуэс щыпІэхэр. Балъкъызым щыпІэм зыщиплъыхьа нэужь, жылэдэхэм я Іуэху еплъыкІэхэр кьалъытэну, зэрылажьэну щыкІэр илъэсым и кІэ пщІондэ зэхагъэувэну унафэ яхуищІащ.

ХьэтІохъущыкъуей къуажэм къыщапщытащ «Прохладнэ - Бахьсэн - Іуащхьэмахуэ» автомобиль гъэзу А-158-м кьыщыщІэдзауэ ар курыт еджапІэ №3-м щекІуэлІэм нэс зэрызэрагъэпэщыжьыр. Метр 700 зи кІыхьагъ гъэзу Іыхьэм и лъабжьэр ягъэтІылъащ, иджыпсту гъэзгубгъуэхэр Іущ Іыхьынымрэ асфальтыр тралъхьэнымрэ зыхуагъэхьэзыр.

Апхэдэуи районым и Іэтащхьэр щыІащ Кьущпэк къуажэм дэт ЩэнхабзэмкІэ унэм. Ар зэрагъэпэщыжьк «Щэнхабзэ» лъэпкъ программэм ипкъ иткІэ. УхуакІуэхэм мы зэманым унащхьэр зэрахъуэкІ. ИужькІэ унэм и КІуэцІри зыхуей хуагъэзэнущ. Балъкъызыр лэжьакІуэхэм епсэлъащ икІи къыхуриджащ и чэзум Іуэхугъуэ псори зэфІагъэкІыну.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Іэ тедзэгъуэр йокІуэкІ

Мэлыжьыхьым и 1-м щІидзауэ йокІуэкІ 2020 гъэм и еТуанэ илъэс ныкъуэм щыхуэзэм я лъэныкъо газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр.

Иджыпсту щыІэ щытыкІэм ипкъ иткІэ, щыхуэзэм Іэмал яІэщ пощтхэм мыкІуэу, я унэ щІэсыжу газетхэм Іэ тредзэну - Урысейм и Почтым и сайтым иІэ podpiska.pochta.ru жыхуиІэмкІэ апхуэдэ Іуэхутхьэбзэр зэфІагъэкІыфынущ, къэралым къыщыдэкІ газет, журнал минитхум ящыщ дэтхэнэ зым Іэ трырагъэдзэнущ. Іуэхутхьабзэр тэмэму зэтегущыІэу щытщи, дяпэ щІыпІэ щыпсэуми апхуэдэ щІыкІэкІэ Іэ тредзэфынущ нэхъ дэхьхьэ къыдэкІыгъуэхэм.

«Адыгэ псалъэр» зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ: мазэ 6-м ди газетым и уасэр сом 696-рэ кІэпІейкІэ 30-рэщ.

Ди индексыр П5894

Туризмэм и щІэгъэкъуэну

ЗыгъэпсэухукІуэхэм ятещІыхьауэ къызэрагъэпэща «Знай наше 2020: продолжение» онлайн гъэлъэгъуэныгъэм (nashe2020mav.travel) мы махуэхэм зыщыщыбгъэгъуэзэфынущ Къэбэрдей-Балъкъэр щынальэм теухуауи.

АР НАКЪЫГЪЭМ и 18-м къызэІуахащ икІи мазэр иухьухкІэ екІуэкІынущ. Махуэ 14-м кьриубыдэу цІыхухэм зрагъэльагъуфынущ щынальэм и теплъэр, и псаукІэр къэзыгъэльагъуэ сурэтхэр, видеохэр, хьыбархэр. Апхуэдэуи накъыгъэм и 25 - 26-хэм онлайн жьпхэм ити абдеж къыщыпсэлъащ КЪБР-м Курортхэмрэ туризмэмкІэ и министерствэм, туризмэм епха Іуэхущ Іапі эхэм я лЫкІуэхэр. Ахэр къыгъэувыІащ щынальэм и туризмэм зэрызиужьым, я мурадхэм.

УФ-м и Росгуризмэм и жэрдэмкІэ онлайн гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэІуаха ялэ махуэм къызэрагъэпэща сТІол хъурейм хэтащ КЪБР-м курортхэмрэ туризмэмкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Щоджэнщ Іыкіу Мурат. Ар тепсэлъыхьащ республикэм и зэфІэкІхэмрэ туризмэр зэрырагъэфІакІуэ Іэмалыщ Іэхэмрэ.

Онлайн гъэлъэгъуэныгъэр щхьэж дзэлъхьэх унэтІныныгъэ елъытауэ гуэшащ. Абы къызэщІеубыдэ «Бгырысым и гъэзуанэ» экспедицэр, «Кавказым и уафэ» сурэт фестивалыр, лъэс зекІуэхэмрэ бгым дэкІынымрэ зыфІэфІхэм ятещІыхьа «Іуащхьэмахуэ и щхэхуэр» турыр.

- Коронавирусым и зэранкІэ иджыпсту дызэрыт щытыкІэм ди лэжьакІэм нэгъуэщІу дрегъэлпІыж, псом хуэмыдэу хьэрычэт Іуэхумрэ зыгъэпсэхуакІуэхэмрэ яхудиІэ пыщІэныгъэхэр зэредгъэфІэкІуэну Іэмалыщ Іэхэм догупсыс, - къыхагъэщ мы Іуэхум и къызэгъэпэщакІуэхэм.

Онлайн гъэлъэгъуэныгъэр къызэрагъэпэщащ къэралым и туризмэм елэжьхэм 2020 гъэм зэрызыхуагъэхьэзырынум ехьэлІауэ дэІэпыкъуэгъу яхуэхъун мурадкІэ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и депутатхэм



♦Библиотекэхэм я урысейпсо махуэщ. А махуэм, 1795 гъэм, цІыху куэд зэуэ зэкІуалІэ хуэну, Санкт-Петербург къыщыізэІуахыну Императорскэ библиотекэм и унэм и проектым арэзы техуащ Урысейм и пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтІуанэр.

♦Щыгъупщэх узыфэм пэщІэтыным и дунейпсо махуэщ

♦Къыргъызстаным и библиотекэхэм я махуэщ

♦Санкт-Петербург кьалэм и махуэщ. 1703 гъэм Пётр Езанэм Нева псы Іуфэм дежи щигъэтІылъащ Петропавловск быдапІэм и лъабжьэр. Абдеж къыщежьауэ щытащ иджырей ищхьэрэ кьалащхьэм и ухуэныгъэр.

♦1606 гъэм Москва цІыхубэр щапэщІэуващ Польшэм щыщ зэрыпхъуакІуэхэмрэ абыхэм даІыгъ Дмитрий НэпцІымрэ. Къызэрыізэхэм пащтыхь нэпцІыр ягъэсащ, цІыхубэм леишхуэ кьатезыгъэхьа щІэпхъаджащІэхэри хэти зэтраукІащ, хэти хэкум ирахужащ.

♦1883 гъэм Москва и Утыку Плъыжьым къыщызэІуахащ ТхыдэмкІэ къэралыр музейр.

♦1920 гъэм РСФСР-м и Союзпсо гъэзэщакІуэ комитетым и унафэкІэ къызэрагъэпэщащ Тэтэр АССР-р. Иджы ар УФ-м щыщ Тэтэрстан Республикэщ.

♦1921 гъэм Афганистаным къэрал щхьэхуит хъуащ.

♦1930 гъэм США-м щыщ Дрю Ричард щызэгъуэзэ зыкІэрылъ тхыпІымпІэпсыр - скотч жыхуэтІэр - къызэрыгупсысам щыхьэт техІуэ тхылъ ираташ.

♦1934 гъэм СССР-м къыщащтащ «Спортым щыхь зиІэ и мастер» щІэ лъапІэр.

♦1969 гъэм Совет Союзым къыщызэрагъэпэщащ «Машина времени» уэрэджыІакІуэ ансамблыр.

♦1977 гъэм СССР-м и Къэрал гимнэр къащтащ.

♦США-м щыщ къэфакІуэ цІэрыІуэ, дунейпсо гуэаджэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІауэ кьалъытэ, Есенин Сергей и щхьэгъусэу щыта **Дункан Айседорэ** къызэралъхурэ илъэси 143-рэ ирокъу.

♦Урысей Федерацэм и ЦІыхубэ артист, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Шалевич Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъуроку Хьэутий** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Урысей кинематрисэ, теленэтыхэр езыгъэкІуэкІ, УФ-м щыІэх зиІэ и артисткэ **Шукшина Марие** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 25-рэ, жэщым градус 13 - 15 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущ Іыгъэ:

Джыдащхьэр кІуэдмэ, джыдэкІыр ягъэсыж.

ТщIэн хуейр мащIэркъым

● Лъэпкъ Iуэху

Ди газетым зэрытетащи, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ1акIуэ гупым хэтхэм я зи чэзу зэхуэсыр Адыгэхэм я щыгъуэ-щIэж мафхэм ирагъэхъэлIэри, накъыигъэм и 20-м видеоконференц щыкIэм тету ирагъэкIуэ-кIащ.



ОНЛАЙН видеоконференцыр къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**. Абы хэтащ КъБР-м граждан жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлажьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министр **КIурашын Анзор**, Бахъсэн кIалэ округым и Iэтащхьэ **Мамхэгъ Хьэчим**, КъБКъУ-м и проректор **Къущхьэ Хьусен**, КъБР-м щылажьэ Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я ззэыгъэуIу советым и унафэщI **Къалмыкъ Жылэбий**, ДАХ-м и Советымрэ Гъэзэщ1акIуэ гупымрэ хэтхэр. А махуэм интернетым и Iэмалыр кьагъэсэбэпу зэрыпхьагъуу зэпсэлъыпIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим, Краснодар, Ставрополь крайхэм, Осетие Ищхьэрэ - Аланием, Тыркум, Сириеи, Иорданиеи, Израилым, Германиеи щылажьэ Хасэ къудамэхэм я тхьэмадэхэр.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым Сэхъурокъуэ Хьэутий жиIащ ДАХ-м и Гъэзэщ1акIуэ гупым и зи чэзу зэIущIэр накъыигъэм и 21-м ирагъэхъэлIэу Налшык щрагъэкIуэкIыну зэрамурадар, ауэ дунейпсо щыщIыбэ щытыкIэм къыхэкIыу интернеткIэ зызэпащIэн хуей зэрыхъуар. ЗэIущIэр къызыбзу зытеухуауэ щытар адыгэхэм я щхьэ кърикIуа лъапсэрых зэуэжьыгъ, абы и кIэрыкIэ къэрал куэдым щызэбгрыпхъэ хъуа ди къуэшхэм я Iуэху зыIутыр зэгъэщIэныр, апхуэдэуи Хасэ тхьэмадэхэр нобэ нэхъыбэу зэлэжьхэмрэ я мурадхэмрэ къэгъэнэIуэныр.

ЗэбгъэдэмысмиI, зэрыпльагъуу, зым жиIэр псомиI зэхахыу, щхьэж и гурыльымрэ и къалэнхэмрэ кIэщIу къиуатэу екIуэкIащ видеоконференцыр.

Я́пэу псалъэ зэрата, Амман щылажьэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ **Къардэн Самир** къыхихыгъащ Иорданием щыпсэу адыгэхэм я Iуэхур нобэкIэ зэрымыIейр, ди лъэпкъэгъуэхэм хьэрыпхэм пщIэшхуэ зыхъэрыхуащIыр, дзыхь кьыззэрыгаъэзыр, хэхэсхэм я бзэр, щэнхабзэр яхъумэжьын папщIэ лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIуэкIыр.

- Псом я́пэу фIэхъус гуапэ фызох, хэкужьым исуи, нэгъуэщI хуэдизу щыщуи сызэхэзыххэм, - жиIащ - Къардэным. - Иорданием щыпсэу адыгэхэм ди пщIэр кIуэдакьым, ди бзэр тIэщIэхуакъым, дяпэкIи, Тхьэм жиIэмэ, ар зэрытхъумэным, зэредгъэфIэкIуэным иужь дитынущ. Фызэрыщыгъуаэзщи, ди къэралым и пащтыхым деж щегъэжьауэ адрейхэми адыгэр зыпащI щыIэхъым. Пащтыхым и пэшым зы цырхъ макъ къыщыIуамэ, я́пэ нэсу иIэр и адыгэ щхьэхъумэхэрщ. Абы и лъэныкъуэкIэ къэрал псом щыщIэрыIуэщ адыгэхэр, щапхъэ зытехьипхъэ куэди къагъэлъагъуэ. Абыхэм зэи я́щыгъупщэрхъым апхуэдизу пщIэр къызэрахъэ я адыгагъэр, я лъэпкъ хабзэр. Иорданием ис адыгэхэр зэрыщIэу, зэпсалъэу, зы унафэ гуэр я́щIын хуейм, зэчэнджэщу, адыгэу къызэтенэн папщIэ яхузэфIэкI я́щIэу апхуэдэщ.

Ди хасэм и лэжьыгъэр къапщтэмэ, цIыкIуи ини бзэр зэредгъэщIэным нэхъыбэу дыпылъщ. Бзэр щымыIэмэ, лъэпкъри щыIэнукъым, хабзи зепхъэжьыпкъым. А хабзэращ дэ адрейхэм дакъыхэзэщIыр. Хьэрыпхэм щапхъэу дыкъах зэпытщ: хэт сыт хуэдэ IуэхуфI илэжьами, зэкIужу зихуэпами, къабзэлъабзэу зэлъыIуихами, «адыгэм ещхь хъуащ» жаIэ, ар абыхэм я дежкIэ щытхъу пэлъытащ.

Дэнэ щыпсэу адыгэми сыныволъэIу: мы нэщхъеягъуэ махуэр зэи фигу ивмыгъэжу, ауэ фигу фымыгъэкIуэ. Си адэм адыгэ хьэщIэщ иIащ, пщIэ зиIэ лIыжьхэр щызэхуэсрэ щыуэршэру. Абы щыгъуэм сыIэпыдзлъэпыдзти, бжэ кIуагъэм сыкIуэту, адыгэхэр хэкум зэрырашам и хьыбархэм седаIуэрт. Хэкум ираша лIыжьхэри яхэтт абы. ГущIыхь куэд зэхэсхащ абы щыгъуэм, ахэр нобэми си гум илъщ. Апхуэдэ лей къыхэтехьа лъэпкъыр нобэ дэнэ къыщыщIимыдзами, дэри, ди яужь къихуэу лакъуэхэми дыхуиткъым ди лъэпкъ къугъуэфIыгъуэхэр зыIэщIэдзхуну. Аращ щIэри я́щыгъуэ дызыхуэлэжьэн хуейр. Ди пльанIэр зыуэ, ди къаруу зэхэлъу дыздэлажьэмэ, дэ зэи дыкIуэдынукъым, дыхуэзвгъэсакъ мы зэман бзаджэм, адыгэу зыцвгъэхъумэж, - жиIащ Къардэн Самир.

Тыркум щылажьэ Кавказ Хасэхэм я федерацэм и гуащэ **Мамхэгъ Ийдыси** хуеплъэкIыжащ лъэпкъ тхыдэм. «Адыгэм ди щхьэ кърикIуа лъапсэрыхыр дэ зэи тщыгъупщэнукъым. Ди адэжьхэм я фэеплъыр зэрытхъумэфынур тхыдэр, хабзэр, бзэр зетхьэжкIэрэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, лъэпкъыр лъэпкъ зыщIыр и бзэр, и хабзэр арауэ. Дэнэ щыпсэу адыгэри зэрыубыдыжу, зэпэIэщIэми, зым жиIэр зым зэхихыу, зым Iэпыхуэр адрейм къыжщтэжу дыздэпсэуамэ, къытщIэхъуэ щIэблэм лъэпкъ зэхэщIыкIыр яхэтIухьэфынущ, бзэр я́Iурытхъэфынущ, апхуэдэу екIуэкIмэ, дяпэкIи гъуэгу диIэнущ. Iэмал имыIэу дытелэжьэн хуейщ адыгэхэм я хэку егъэгъуэтыжыным, ар хуэм-хуэмурэ зэдгъэхъулIэмэ, насыпышхуэу къызолытэ. Лъэпкъыу дыкъызэтезыгъэнэнур ди хэкур, ди тхыдэр, ди хабзэр, ди бзэр аращ. КъищынэмыщIауэ, дызыхэс къэралхэми ди хэкужьыр здэщыIэ Урысейми зы дихъужьныжьIэ зыкъыстIащIагъэкъуэну Iэмал гуэрхэр кьапытхьн хуейщ. Хэкум къэкIуэжьну хуейм хуитныгъэ иIэу хъуамэ, нэхъыбэ дихуейтэкъым», - къыхигъэщащ Илдыз.

Израильм щыIэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Нэпсо Закарие** видеоконференцым хэт псоми фIэхъус гуапэкIэ захуигъэзащ икIи жиIащ щыIпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм исми, адыгэхэм зы гупсыскIэ яIэн зэрыхуейр, хамэ къэралхэм щыпсэуэхэр нэхъыбэрэ хэкужьым кIуэурэ абы и Iуащхьэхэр, мэзхэр, псыхъэхэр зрагъэлъагъумэ, абыкIэ я гур щIэу Iэрыщытынур, кIуэжьну тегушхуэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэнур.

НобэкIэ дунейм къыщыхъуа щытыкIэ гугъур Кфар-Камэрэ Рихьэниерэ кьаззэрыжьэхэмыуар, коронавирус уз зэрыщIалэр къызэпыкърыхьа адыгэхэм зэрахэмытым зэрыщыгуфIыкIыр жиIащ абы.

«Махуэ кьэс дызэкIэлъымыкIуэфми, хэкум зыгъэззэкIыр зэкIэ мащIэми, дяпэкIэ Интернетым нэхъ гъунэгъуу зэпищIэну, хэхэсымрэ хэкурысымрэ нэхъыбIу зэрыщIэнымкIэ, зэкъуэтынымкIэ сэбэпышхуэ хъуну къыскIоIущIи, ми Iэмалыр къэдгъэсэбэпу дыздэзвгъэлажьэ, ди Iуэху дывгъэгъэкIуатэ», - дыщIигъуащ Нэпсо Закарие.

ДАХ-м и Гъэзэщ1акIуэ гупым хэт **Тхьэухъуэ Зухьер** жиIащ адыгэбзэм урипсальэмэ, адыгэ щэнхабзэр тхьэумэмэ, зи хэкум исыж лъэпкъым уемыхьуапсэу укъэгъэгурыкIуэну нэхъ тыншу зэрыщытыр, абы и лъэныкъуэкIэ Израильм исхэм хэкIыпIэфIэхэр зэрагъэр.

ДАХ-м и Гъэзэщ1акIуэ гупым хэт **Къэлэтэ** тепсэлъыхьащ Европэм ис адыгэхэм я Iуэху зыIутым, ДАХ-мрэ Европэмрэ зэрызэдгъэлажьэн хуей Iэмалхэр, адыгэм хамэ щIыпIэм зыщихъумэжьын папщIэ езым и гупсысхэр къиуэтащ.

Германием щыIэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Взрокъуэ Зэтий**:

- Накъыгъэм и 21-р къыщысым деж зыщ дыззэгупсысыр, абы кърикIуа Iэужьыр Урысей Федерацэм иузэхужьын зэрыхуейр. Дэ щыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм исхэм ди бзэмрэ ди хабзэмрэ заужьыжьын папщIэ ди къэухъ къихьыр тщIэн хуейщ, Хэкум кьыщащтэ унафэм дэри дытету, диаспорэм щызекIуэ фIыр, дахэр, акъылыр ди адэжь хэкум кьыхуэдгъэсэбэпу дыпсэуэпхъэщ. А псори къыщыщдзэхуIэнур Дунейпсо Адыгэ Хасэм и жьауэм дыщIэту дззэкъуэту дызздзлажьэмэщ. Дэ, Европэм щыпсэу адыгэхэр, куэд дымыкъуми ди къарури ди акъылри хэкумкIэ унэтIащ.

Сириеи щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм хэт **Къэбэрдей Аднан** а къэралым ис адыгэхэм кьабгъэдэкIыу къэпсэлъащ икIи жиIащ нобэ дунейм адыгэу тетыр зыгъэгъэзавэр икъуэхьауэ зэрыщытыр зэрыарар, лъэпкъ куэдым дахэу дакъэзыгъэцIыхуэ ди хабзэр Iэпэдэгъэлэл тщIы зэрымыкъунур. Адыгэм щыгъэщIэж махуэр зэрыдихым хуэдэу, Iуэтэжыгъуэ ихуэгу щыхэзыгъэтэжьа гуфIэгъуэ махуэщхуэ ягъэлъапIэу яльагъуну зэрихъуэпсапхъэ кьыхигъэщащ Аднан. «Сириеи ис адыгэхэр илъэсипщI хъуауэ зауэм хэтщ, Iэмал зэриIэкIэ я щхьэ яхьумэжу. Зыхэха мафIэм и ягъэкIэ, аргуэру зэбгрыкIын хуей хъуащ ди лъпкъэгъуэхр, аргуэру ди щхьэр гуэзвэгъуэ хэхуащ. Адыгэу дунейм тетыр зыщыгуфIыр хэкум ис ди лъэпкъэгъуэхращ. Дызэкъуэзнэгъэт, дызэдзвгъэIэпыкъуж. Куэд щIащ ди хэкужь кьиухуу, хуэбгъэфащэ хъунущ, зыжьжьым цIыху мелуанитIым нэблагъэ исауэ. Ауэ илъэси 101-кIэ екIуэкIа зэпэщIэуэвэныгъэ иуха нэужь, ажалымрэ истамбылакIуэмрэ кьелар мини 100-м нэс къудейщ. БлэкIам дерс къыхэтхмащ, къэхуэн дахэ щыддухуэфынур. Ар зэпытыгар щIэныгъэмрэ технологиемрэщ. Зэманым декIур лIыфIщ, жиIащ адыгэм. Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр щIэныгъэ ящ1ущ1 лIыфIщ нэсрэ къызыщIах Iуэхущ1апIэ инщ икIи абы и бжэкэр хуэзIухащ1 хамэ къэралхэм ис ди лъэпкъэгъуэхэм я щIэблэм. Абыхэм ди университетым щрагъащIэ адыгэбзэр, щрагъэдж адыгэ хабзэр. НэгъуэщIу жыпIэмэ, КъБКъУ-р хэхэсхэм папщIэ щIэныгъэ къызыщIах Iуэхущ1апIэ кьудейуэхъым зэрыщытын хуейр, атIэ хэкужьым уэзыщэж гъуэгу яльытапхъэщ. Дэ сыт и лъэныкъуэкIи дадэ-Iэпыкъунущ ди къуэшхэм я щIэблэм.

Бахъсэн кIалэ округым и Iэтащхьэ **Мамхэгъ Хьэчим** жиIащ Урыс-Кавказ зауэм адыгэм гузэвэгъуэ, гугуеуэкъ куэд къызэрыхуихьар.

- Я хэку яхъумэу зауэм хэкIуэда ди адэжьхэм ахърэт нэху Тхьэм хъарит, абыхэм я фэеплъым хуэфащэу псэун щIэблэ дыхъуну си гуапэщ. Къэпсэлъахэм кьыхагъэщащ щIалэгъуалэ куэд мы Iуэхум теухуауэ къызэрызэщIагъэстыр. Абыхэм захуэзгъазэу жысIэну сыхуейт: зауэкIэ дрикъуауэ щытын хуейщ, ди ди къэкIуэнур мамырыгъэрэ зэгурыкIуэныгъэкIэ духуэнырщ нэхъ кьеэзгъри, нэхъ фейдэри. КъыщынэмыщIауэ, хамэщI щыпсэу ди къуэшхэм захуэзгъазэу дызэрыгъуэтыжу бжыгъэкIэ куэд дыхъун, абыхэм кьагъэззэжын зэрыхуейр жысIэ. Iдыху бжыгъэр мащIэу зэи къэралыгъуэ пхуэзухуэнкъым, къэралыгъуэ зетхэн папщIэ куэд дыхъун, дызэрыубыдыжын, нэхъуеиншу къагъэззэжын хуейщ. Абы зэман куэд текIуадэмэ, гугуеуэкъ куэд кьыхэкIми, хэкурыс щIалэгъуалэр гъуэгу пэж тедгъэтмэ, ди лъэпкъгъуэм жэрдэм яIэу кьагъэззэжын щIадзэмэ, ди къэкIуэнур фIы зэрыхуэнум зэи кьытесхьэркъым.

ДАХ-м и тхьэмадэм и чэнджэщгъу **Къуэдзокъуэ Анатолий**:

- Къэхъуар къэхъущ, дэ дяпэкIэ дызыпылъын хуейр абы кьытхуихьа мыхъумыщIагъэхэр гъэззэкIуэжьныщ. Ди лъэпкъыр бзэгъэн, зэрыгъэтыжьын папщIэ ди пщэ дэлъ кьалэнхэр дгъэззэщIэн хуейщ, ар политикэм, экономикэм, щэнхабзэм, псэукIэм ехьэлIа Iэхуу щрырет. А псалъэмакъэхэр нобэкъым ДАХ-м кьиIэту щыхъуар, лжьыгъэшхуи иригъэкIуэкIащ. Ауэ дызэрыс къэралхэм я Iэмалхэр и лъабжьэу программэ щхьэхуэ зэхэлъхьауэ дяпэкIэ кьедгъэщтэн хуейщ. Пэжщ, адыгэм лъэныкъуэ гуэрэмкIэ сэбэп кьытхуэхъуу программэ хэхахэр щыIэщ, ауэ абы мащIэщ кьытхуищIэр. Дэ дызэлэжьын хуейр щхьэхуэу адыгэм ехьэлIа программэщ, кьэралым и хабзэкр и лъабжьэу, къэрал унафэщIэхэм ехьэлIэ хъуну. Ар тхуэзэфIэкIамэ, ди Iуэхур нэхъ тынш хъунут.

КъБР-м щылажьэ Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я ззэыгъэуIу советым и унафэщI **Къалмыкъ Жылэбий** кьыхихыгъащ адыгэм кьытехьа лейм тхыгъэ куэд зэрырриухуар, Iуэхум кууэ зэрыхищIыкIыр. Апхуэдэуи кьыхигъэщащ адыгэм и блэкIар кьапщытэжу унафэ пIуэхыкIа кьащтэн хуейуэ. «Мы зауэжьым кьрикIуам цIэ зэмыщхь куэд фIащащ, залымыгьэкIэ кьэкIуэ ирагъэкIа, хэкум ирахуа, икIа, нэгъуэщIхэри. Ауэ пэжыр пэжу щытын хуейщ - лъэпкъгъэкIуэдщ дэ къыздащIар. Ар дыдэхэс лъэпкъышхуэм я фIщ тщIыфтэмэ, ди унафащIхэм къедгъэщтэфатэмэ, итIанэт лъагъуэр зэIуха щыхъунур, ди лъэпкъгъуэр кьыщыхуэщэжьнур. Ди гуапэ зэрыхъущи, ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий къэрал, жылагъуэ-политикэ Iуэхухэм кууэ хыхьащ, жыджэру яхэтIу, дыщыигъуныщ дяпэкIэ ди Iуэхухэр кIуэтэну.

ЗэIУЩIЭМ и кIэухым Сэхъурокъуэ Хьэутий жиIащ дунейр зэхэкIыжмэ, кьыкIэлыкIуэ зэIуIэр Налшык щрагъэкIуэкIыну зэрыщэраухыкIэр, зэман гъунэгъум ДАХ-м хэтхэр нэхъ зэлэжьыпхъэр. Апхуэдэуи Адыгеим, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я цIыхубэ тхакIуэ, Урысей Федерацэм ЛэжьыгъэмкIэ и ЛIыхъужь Мэшбашэ Исхьэкъ 2020 гъэм накъыгъэм и 28-м и ныбжьыр илъэс 90 зэрырикъум теухуауэ псалъэ гуапэ жиIащ, ар псоми зэгъуэсу зэдгъэзэлъэпIэну кьыхуриджащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Дэсащ ХьэтIохъущыкъуей къуажэ БынэкIэ еджэу зы цIыхубзыф. И Iум уригъэпщхьэну кьыпфIэщIу, гумащIэт, иIэм, уехьуэпсауэ ищIэмэ, и нэбдзыпэ кьехьынутэкъым кьыпIэримыгъэхьауэ, хэт и цIыхуэкIи нэхъуеинштэи, зыхилъхьэ щымыIэу дэтхэнэри фIыуэ илъагъут. Емыджаемыпща щхьэкIэ, егъэлеяуэ губзыгъэт. Гупльитэ жан иIэти, зэримыгъэзахуэ щыIэтэкъым: нэху къеКIмэ, бынымяшхынэм щегъэжьауэ жылэм я зэхэтыкIэ хъунум щыщIэкIыжу. Къуажэ дуней нэхъ зымылъэгъуэм жылэ зэхэтыкIэм хэт хилъхьэфынхихыфынм жыпIэнущ, ауэ...

● Адыгэбзэм щыщщ

И мыгъуэр и бжьымэщ

ХьэтIохъущыкъуей Ипщэм и псалъалъэ

ХЬЭБЛЭ сабийм зэранигъэ гуэр яIэщIэлъамэ, зэжаIэр арат - Бынэт. Зэрыщыуар зыдзэыщIэжым, сытым къыхихми, абы ежаIэрэ иуэхужьмэ нэхъ кьищтэрт. Щабэу псалъэрт, ауэ и псалъэр къыпхэмыхьэнкIэ Iэмал имыIэу зыхэпщIэрт, мыхъунур зэрымыхъунури ар зыIэщIэкIам кьыгурыIуэрт. ЖаIэри арат - Бынэ **АДЫГЭБЗЭКIЭ мэдэхащIэ, АДЫГЭБЗЭКIЭ мэхеящIэ**. Псалъэм пщIэшхуэ хуищIу щытащ Бынэ. Шэуэ кьыптехуэ псалъэр зыIэщIэкIам уеущиекIэ къыпIэпхыжьын зэрыщымыIэм фIыуэ щыгъуаззэти, фIэпсекIуэд хьу нэхъ, псэльэгъу ищIыртэкъым. **Шэрэ шабзэшэрэ зэIуэымыдзар**, жиIэрти, сабийм гупльитэ нэхъыбэ яхуищIырт. ЯжриIэни игъуэтт. Зи ныбжь хэкIуэтауэ Бынэ къэзыщIэжхэм нобэр кьыздэсым жаIэу зэхэпхынущ: Бынэ ильэгъуатэмэ, сытыр жиIэнт, жаIэу... Жылэ лъэужь кьызэрригъэнар нахуэкъэ...

Бынэ и гугъур кIыхь хъуа щхьэкIэ, и зы псалъэщ мыпхуэдизыр кьызытекъиар: «и мыгъуэр и бжьымэщ, адыгэбзэкIэ зэIамыха хабзэр бзыпхъэ схуэмыхъун...».

Мы псалъэмэ хьыбар иIэщ. Бэлшэвич жьхуаIэм хуэдэ зыIт гуэрым IэнатIэ иратри, щыхьэрым Iэпхъэжьат. Хъарзынэуи зэригъэкIэщ аби, унагъуи щищIыжри, дунейм ехьжьхыукIи абы щыпсэуащ. Зыщыщ лъэпкъым зы Iуэху гуэр яIэу и быныр кьуажэм кьишэри кьэкIуэжащ ар. Гъэсащ, еджащ, епщащ, урыс тхыпIыр яIэщIэльщ... Арат жаIэр псоми: щытхъу, щытхъупс, щытхъуфэ... Пэжу, уеупльамэ, пльыжь хъуэ, уакIэпльыпIьамэ, щыкIэ дахэ яхэлъу ильэгъуат бэлшэвич щIалэхэр Бынэми... Яхэплъэри, «бын дыгъэщ, кьуажэ хабзэ есхмэ сфIэигъэщ», жиIэри ябгъэдыхьащ...

«Фыкъеблагъэ, си щIалэхэ, сыт фыхуэдэ? Сыт, си тIасхэ, ф1и цIэр?» жиIэри. «Бла кьызэуамэ, апхуэдэу зыхэсщIэнтэкъым», - жиIэжт, жаIэ, Бынэ, щIалитIым яяыхьэжьи апхуэдизкIэ зы нэ бзаджэкIэ кьыззэплъати... «Шоооооо?» - жиIащ, жи. «Не понил, стэрухъэ», - жиIащ, жи. Мо игъащIэм Iэпэкъым кьахэмыхьам адыгэбзэ зэрагъэрымылъыр кьыщыгурыIуэм, зыхуихьынур ищIакъым Бынэ... «Ар дауэ, жиIэрт, адыгэ бын бзэмыIуу адыгэ жылэжь кьызэрпшэнрэ...?» Я адэм ар щызэхихым, мыри кьыхигъэхъуэжащ: урысыбзэ умыщIэмэ, узэрыщIэсам хуэдэу цIэ пщыIэм утесу уи гъащIэр пхьыну аращ, жиIэри...

Бынэм, уеуами, лъы ткIуэнс къыщIэмыкIыжыну, и фэр зэщIэкIащ, зэрагъэуэтэжьмкIэ, зэуэ зыкъызэщIикъуэжри «Тхьэм фыщигрыIы!» жиIэри IукIыжащ. «Дауэ кьыпщыхуа?» жаIэу мыдрей нанэхэр кьыщыбгъэдыхьэм, ар жиIащ, жаIэ: «Хэти и мыгъуэр и бжьымэщ, ауэ, Алыхьталэ, адыгэбзэкIэ зэIамыха хабзэр сэ бзыпхъэ схуэмыхъун...»

Бынэ кьыщIэна и АДЫГЭБЗЭ псалъэхэр куэдыщэ мэхъу. «Псалъэмрэ кьипсэлъыкIымрэ зэщхь дунейр къэхъутэжами мыхъун», жиIэрти, адыгэбзэкIэ екIуу псалъэм пщIэшхуэ хуищIырт. «Теджагуэркъым» жиIэрти, ари зи псалъэ кьыхэщыпыкIауэ зи гупсысэ зэкIэлъыпызыгъакIуэхэм я фIыщIэ хуэдэу иIуатэрт.

Бынэ игу кьеуам и нехьэкъехуэкъэ нобэ ди нэгу щIэкIыр? Анэдэлъхубзэр ямыщIэу кьытщIэхъуэ щIэблэм хэхуэу зэпытщ. Бзэ лей щIэкъым, ар хьэкъщ. Дэтхэнэ бзэри и Iофрэ и фIагъкIэ зеижщ. Ауэ нобэм дыкъэзыхьэсэр ди бзэращи, ар адэкIэ зэрытхъын хуейм и Iэмалхэм егупсысыпхъэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ ди бзэм щыщ псалъэ дыщэ кIанэхэри зэхуэхьэсыжьмэ зы Iуэхущ.

Мы зы хьыбар цIыкIыри щызгъужьнут. Уэун-Яйла жьхуаIэм щыщу зы дадэ, Кьайсэр сыкIуати, жи, зым, ар зыжриIэж адрей дадэр кьеупщIащ - Тыркубзэ пщIэрт, хьэжы, жиIэри... Уэлей, сымыщIэт, жиIащ, жи, хьэжьым... Гугъу уадэхьагъэнщ, жиIащ, жи, лIым, я бзэр щымыщIэкIэ... Уэлей, семыхьа, кьыздехьар езыхэрам, адыгэбзэ ящIэртэкъым, жиIащ, жи, хьэжьым.

Зэ еплъыгъуэкIэ, уи пащIэкIэ игъэджэгуми, гупсысэшхуэ зыщIэлъ гъэсэпэтхьдзэщ. Мыбы нэсын кьеуи ди бзэм худи1э щытыкIэр, ар абы езыщэлIэнир анэдэлъхубзэр зэрытщIэм и мардэрщ.

Алъэсчыр и гуэным иплъыхьын - сыт щхьэкIэ уемыльэIуамэ, иIэр кьызыкъуэзых, дэнэ кьрижамэ кьэзыгъуэтым щхьэкIэ Алъэсчыр и гуэным иоплъыхь, жаIэрт. Алъэсчырыр езыр Щомахуэхэ ящIащ, Зеикъуэ дэс Щомахуэхэм я зы къудамэфIыр кьызытекIыр аращ. Псэльафэр Щоджэнхьэблэм нэхъ зэрахьэ.

Бынжэкъуакъуэ - зи бынжэгур и ныбафэм кьытетIеикIым щхьэкIэ жаIэ.

Бэрэлурэ - дэнэкIи щыIэ хъыбарыр псынщIэ дыдэу кьыпльэIэсрэ нэхъ псынщIэжу цIыхум яльэзыгъэласьхэм зыжьаращ зэрреджэр. Щэхуэлурэм дэнэкIэ кьыщыхьэщIокI. Жьэрэлурэм дэнэкIэ кьыщыхьэр имыщIэнкIи хъунущ, ауэ и Iуэху хэлъкIи кэмыльхьэкIи кьимыгъаныу псори еIуатэ, псэльэрейщ. Жьлэм и жьэрэлурипщI нэхърэ, пщым и зы бэрэлурэр нэхъыфI хуэдэщ, щымыхъужьм хъыбарыр зэхэхауэ кьеIуэтэж. Жьэрэлурэр иIуатэм пэжрэ пцIыкIэ хэпльэкъым.

Бэрэлущ - и ныбжь нэмысауэ зэхэщIыкI ин къызыкъуэкI ныбжьыщIэм щхьэкIэ жаIэ, Iущ я Iущыж, жьхуэпIэным хуэдэр кьикIыу.

Бэхэс - кьэралгъуэзэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм (ООН жьхуэзтIэм) щхьэкIэ хьэтIохъущыкъуей лIыжьхэм гушыIэ папщIэу жаIэ зы псалъэщ. Зы бэхэскIэ зэIущIэ кьэрарыншэт, жаIэ.

Бгъэгыз - тыкъыр хъуэу быдзыщхьэм ефыкI уз лIэужьыгъуэ.

Бжьымэ I - 1. Iыхьлы-Iэулэд. 2. уи мэ зыщIауа, уи Iыхьлы гъунэгъу. «ХуэмэфIжьымэ» псальэмкIэ куэдым кьащIэжьну кьытрфIощI мы фIэщащIэр. «И мыгъуэр и бжьымэщ», жаIэ.

Бжьымэ II - дагъэр тIэкIу зиIэ цIыхум щхьэкIэ жаIэ.

Бжьымэдис - унагъуэм исхэр, Iыхьлы гъунэгъу дыдэхэр.

Бжьымэдыхьэ - адэшхуэ-анэшхуэкIэ къыбгъхьэ, абыхэм яблэмкI Iыхьлы.

БжьымэкъакIуэ - нысэкIэ е благъэкIэ тIэуней благъэ пхуэхър. Псалъэм и хьэтыкIымрэ зы зэдзалъэузэшапхъэр нэгъуэщI зэдзалъэузэшапхъэм я щхьэгъуэсэ щыхьу куэдрэ къэхъурт. «Иджыри зы бжьымэ кьокIуэ», жаIэу щытащ.

БжьымэзэтещIэ - благъэр тIуащIэ зэхуэзэщI, абы тезыгъэгушхуэ цIыху.

Гущэ Iэпэ - шхыныгъуэ лIэужьыгъуэ; фIыуэ ятхьэщIа жызым тхьэмпэр ягъавзу шыбжиитхъукIэ ягъэлыбжьэжа прунжьр Iэпхъуамбэ фIэкIа умыщIану а тхьэмпэм кIуэцIашьхьри кIуэцIапхэж, иджыри зэ псывэм хальхьэжри зы тIэкIурэ ягъавз. Шыбжиитхъу трак1эжри, кьалмыкъ шэйрэ лэкъумрэ щыгъуэу Iэнэм трагъэувэ. Шхыныгъуэр Бешкъэзакъхъэбгэм нэхъ щызэрахьэу щытащ, иужькIэ щхьэжьым я зы шхынгъуэ хуаим.

Гущэ фо - фор бжьэ матэм кьыщыдахкIэ, я́пэ Iулъхьэр зэрыгуэрыс унэ гущэм хуагъэфащэрт, узыпхрыплъу пIащIэт, без кьапщIий зи цIэ хэмыльу кьабзэт. Гущэм и гущэжьыр исмэ, зыхуашийр арат гущэ фор. Гущэ фор нэхъ маещ, зы дзэкъэгъуэм уи гур кьеуIэ. Мыр иджыри мыкIуэдыжауэ кьокIуэкI.

ГущэгъафIэ I - сабий джэгукIэм щыщ Iуэхугъуэщ. Хьыдан гущэ щащIкIэ дыщэ е дыжьын IуданэкIэ халъэфу и щыгъыныгъуэр ягъэщIэращIэмэ, «я гущэгъафIэщ» жаIэ.

ГущэгъафIэ II - адэшхуэ-анэшхуэм кьабгъэдзкIыу нысэм и гущэшхуэм ирит тыгъэ.

Гущэнанэ - гущэщ и гущэ, гущэщхуэз. Псалъэр нобэ зэрахьэ.

ГущэрафIэ - и анэшмкIэ кьикIыу нысэм и гущэщм и анэм ирит тыгъэ.

Гущэтебжэ - пэлъху кьызыхуэхъуа унагъуэм ис цIыхуэз нэхъышхэр, псальэм пащIэщ, анэшхуэр, пщы гущэщм деж хуэфащэ Iыхьэ тын игъэхъэзырти, кьахуэхуэа сабийм цIэ фIищыну, кьехъуэхьыну лъаIуэу кIуэрт. Махиищ пIалъэ кьезыт гущэми сабийм цIэ кьыхуигуэтырт икIи зэкIэлъыгъэкIуауэ кьехъуэхъурт. А хъуэхъубзэм зэреджэри гущэтебжэрт. Псэльафэр ХьэтIохъущыкъуейм щызекIуащ.

Гуэнгуэш - гъэтIылъыгъэншэ мыхъу, сытри зыщагъэуэт, уелъэIукIэ укъэзымыгъэщIэхъу бзылъхугъэ. Псальэр Щоджэнхьэблэм кьахьыжащ.

Гуэрамэ - гум щыIэу, гум хуэфIу, жьхуиIащ. «ЦIыху гуэрамэщ, и Iэнэгу и IэщIу мэпсэу», жаIэ.

Гуэрэгуущу щылъщ - сабийхэр щыжеикIэ, хьэ лъакъуиплу итIысыкIрэ я лъакъуи, я щхьи зэщIаупщIэж хабзэщ, апхуэдэ жеикIэм щхьэкIэ гуэрэгуущу щылъщ, жаIэ.

Гухуэ хъун - щIэгуэзавэр кьыхуэмыщIэу зи гур ирихьэжьэм игуэут щытыкIэм зэреджэ.

Гущэетэ - зэрыбыным щыщу хамэ унэ хъуа пхъурылъхухэр сабий зрамыпIыкIа гущэщхьэм щыгуфIыкIыну кьызэретэ гущэ хуэIухуэщIэхэр.

(КIэухыр 4-нэ нап. итщ).

Щапхъэ дахэ зыгъэлъагъуэу псэуа Къамбий Зуфар

● Фэеплъ

«Акъыл зиІэр еджэнкІэ ирикъуркъым», - жеІэ адыгэ псалъэжьым. Ар щынэрылъагъут илъэс куэдкІэ къыдэлэжьа Къамбий Зуфар и деж. Тхылъыр, къалэмыр и Іэпэгъуу щыщымыта зэман, щІэ гуэр къэщІэным щыхущІэмыкъуа махуи абы къыхуи-хуааУэ тщІэжьыркъым дэ.

КЪАМБИЙ Зуфар Ахьмэд и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр автономнэ округым хьыхь Нагорнэ (иджы Дзэлыкъуэ) щыналъэм щыщ Къармэхьэблэ (Каменномост) къуажэм 1935 гъэм накъыгъэм и 15-м къыщалъхуащ.

Курыт еджапІэ нэужьым ар Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым щІэтІысхьэри, 1958 гъэм а еджапІэ нэхъыщхьэр нэхьыфІэм хабжэу кьиухащ.

ЩІалэ жаныр а илъэс дыдэм уващ Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым къыдигъэкІ «Ленин гъэзэг» газетым. Абы ящэхъуэ щыІэ псалъэ къыззрамыщтэр гурыІуэгъуэт - я щІэныгъэкІи, гуп хэтыкІэкІи, я Іуэху епльыкІэкІи дагъуэ зимыІэхэрт дзыхь зрагъэзыр. Къамбийм литературнэ лэжьакІуэу къыщІидзэри, «Ленин гъэзэг» и къудамэм и унафэщІу, иужькІэ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэу щытащ. А Іэнатіэхэми партым и унафэкІэ фІэкІа щамыгъэув зэмант ари, къыхуащІа пщІэр игъэпэжащ Зуфар.

Ар набдзэгубдзапІэт, гумызагъэти, куэдым гу лъитэрт икІи и къульыкъуэкІэ и пщІэ къыдзэуэ къалэнхэр хьэлэлу игъэзащІэ къудейкІэ Іуэхур зэфигъэхІыгъэтэкъым. Зуфар гу зылъита мыхъумыщІагъэхэр гъэзэкІуэжа зэрыхъунум и хэкІыпІэхэр къыщилъыхъэрт абыкІэ жэуап зыхьхэм я деж. ЩищІалэгъуэм хьэл хуэхъуам тетащ ар сыт щыгъуи икІи и Гъащ1эм кьрибыдзу апхуэдэ Іуэхуфіу абы зэфІигъэкІам и бжыгъэр къэлъытэгъуейр.

Пщэрылъ зэмылІэужьыгъуэхэр къыхуащІурэ зи зэфІэкІыр ягъэунэхуа Къамбийр 1975 гъэм Бахъсэн щыналъэм и «Коммунист» газетым и редактор нэхъыщхьэу ягъэув. Жэуапльныгъэ нэхъ иныж зыпльэт ар зда-гъэкІуа Іэнатіэр, ауэ абыи фІыкІэ зыкъыщигъэпльагъуащ Зуфар. Гупыр зэщІигъэуІуэу, районым сыт и лъэныкъуэкІи и Іуэху зытетыр гъэзетым и напэкІуэцІэхэм къагъэлъагъуэу я іэжьыгъэр зэтриихуэн хуэзфІэкІат абы. Къыхэгъэщын хуейц а зэманым «Коммунист» гъэзетым и теплъэри, и купщІэри зэрефІэкІуар, Союзпсо епльыныгъэхэми мызэ-мытІэу зэрыщытекІуар.

«Адыгэ псалъэ» газетым и нэхъыжьхэм яхэтщ. *Сурэтыр 1994 гъэм трахащ.*

Цыхьубэм дзыхь кьыззрыхуащым и щыхьэту, Къамбийр мызэ-мытІэу хахащ цыхьубэ депутатхэм я Бахъсэн щыналъэ, къалэ комитетхэм я депутату.

1989 гъэм Къамбийм «Ленин гъэзэг» газетым къигъэзэжащ икІи лэжьыгъэм и пІалъэ фІыуэ зыщІэ, щІэныгъэфІ зыбгъэдэлъ журналистыр къаззрыхьхьэжам щыгугъІыкІыу, гупыр абы гуапэ дыдэу ІуащІэжауэ щытащ.

Іуэху епльыкІэ пыуыкІаи иІэрэ ар жьэнахуэу утыкум щыжиІэфу, пкигъэкІыфу кьекІуэкІащ Зуфар. 1990 гъэхэм я пэщІдзэм къыхальхьауэ щытащ «Ленин гъэзэг» газетым и щІэр зэхэуэкІын хуейуэ - а фІэщыгъэр къезэгъыжьртэкъым къэралым щыІэ хъуа щытыкІэмэ, гъащІэм и екІуэкІыкІэмэ. Лъэпкъ газетым хуэфащэн цІэ игъуэтыным елэжьаХэми, а Іуэхур пхыгъэкІыным елІэлаХэми яхэтащ Къамбийр икІи и иджырей «Адыгэ псалъэ» фІэщыгъэр нэхъ тэмэму къэзыІэтыгъэхэм зэращыщари дощІэж.

«Адыгэ псалъэм» жылагъуэ Іуэхуэхэмкіэ, политикэ гъащІэмкІэ и къудамэм и лжьыгъэр илъэс куэдкІэ иунэтІащ Зуфар. А зэманым къриубыдэу ныбжьыщІэ куэд журналист ІэщІагъэм кІэлъыгъэплъащ абы, чэнджэщ щхьэпэхэр яритащ, я тхыгъэхэм хэлъ щыуагъэхэм гу лъаригъэтэжу, яхуэзэригъэзэхуэжу.

Газетым куэдрэ къытехуащ цІыху цІэрыІуэхэм, тхыдэм, щэнхабзэм теухуауэ Къамбийм и Іэдакъэ къыщІэкІа публицист тхъэгъэзэр, очеркэр. Абы псом хуэмыдэу гулыитэшхуэ хуищІыгъэ тхыдэм - адыгэхэм ди блэкІар къэтІэщІыжыным, ар щІеблэм я дежь къэзгъэсыжыным, ахэр абы щыгъуаззу къэгъэтэджьыным икІи пщэрылъ зыщищІыжьа а Іуэхум хуэгъэзащІэ лэжьыгъэшхуэ иригъэкІуэкІащ. Апхуэдэ къэхутэныгъэхэм ящыщт адыгэпщ цІэрыІуэ ХьэтІохъуащокъуэ Исмел и къэкІуэкІыкІам тригъэпсыхьар. Абы теухуа тхыгъэшхуэм щыщ пычыгъуэ «Іуащхьэмахуэ» журналым къытехуауэ щытащ, цІыхухэм яфІэгъэщІэгъуэныи къыпэджэжат.

Газетым и редколлегием зэрэхэтым, нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ, лэжьыгъэ нэхъыбэ зэкІуалІэ и къудамэм и унафэщІу зэрыщытым къыдэкІуэу, Къамбийр хунэсырт парт къалэнхэр зэфІигъэкІыным. Апхуэдэуи редакцэм и профсоюз зэгухьэныгъэм и тхьэмадэуи илъэс куэдкІэ щытащ Зуфар. Ар и лжьэгъухэм дзыхь зыхуащІ, сыт и лъэныкъуэкІи щІэгъэкъуэн, чэнджэщгъу яхуэхъу цІыхут.

Сыт хуэдэ упщІэкІэ абы зыхуужьмыгъэзами, зытеухуам емылытауэ, жэуап гурыІуэгъуэ, уи гум ибубыдэф къуитыжынут. Ар зи фІыгъэр, дауи, абы щІэныгъэфІ зэрыбгъэдэлъыр, махуэ къэс абы зэрыхигъахьэрт. Зэлгжьэгъуэхэр шахматкІэ зэныкъуэкъуну къащьхуихуэ зззэмызэми Зуфар къытекІуэн гъэзытыгъуейт - акъыл жан уимыІэмэ, а джэгукІэм уэзрыхэмызэгъэнуриз зыи и дежкІи щэхукъым. Псалъэзэблэдзым и упщІэхэм жэуап етыними цІыхум и акъылым зригъэжьну кьиильытэри, ари зэпэмыууэ и Іэпэгъут. И лжьэгъу нэхъ щІалэхэм ягъэщІагъуэрт Къамбийм, зэрыжаІэу, «семышкІэ иІунщІым хуэдэу», а кроссвордхэм псалъэр зэрыригъэщащэр. ЯгъэщІагъуэми и закъуэтэкъым - екъуапсэрт, абы ещхь хъунми хуэпабгъэрт. И щІэныгъэр къыздрихар тхыльхэр зэрыварар ящІэрти, нэхъыбэ зэрредэжным хущІэкъуэкъэрт.

Зуфар ездзыр зэкъуэІэр ищІэрткъым. Очерк куэд итхащ абы и лъэхъэнэгъуэхэм, щІэныгъэлІхэм, гъащІэм кьыхэжаныкІэхэм, зауэм, лэжьыгъэм я ветеранхэм, нэгъуэщІхэми ятеухуауэ. И анэдэлъхубзэм и мызакъуэу, Іэзэу игъэшэрыуэ урысыбзэмкІи итхахэр къытехуащ «Литературная Кабардино-Балкария» журналми, республикэм къыщыдэкІ газетхэми.

Зорыжурналист лъэщым и мызакъуэу, Къамбийр икІи тхакІуэ Іэзэт, Урысей Федерацэм и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэми хэтт. Абы и Іэдакъэ къыщІэкІащ тхылъ зыбжанэ. И повестхэр, Іуэтэжкэр щыізэхуэхьэсауэ Налшык къыщыдэкІащ «Дзадзурэ», «Шагъир», «Щолэхъу», «Лъагъуныгъэр Іыхьэ мыгугъшІ» зыфІищаХэр. НэхъыфІ игъэпльыхьэнщ жьауэІэм хуэдэу, я сюжетми удахьэхыу, бзэ дахэкІи тхуэ апхуэдэщ ахэр - дэтхэнэ зы псалъэри и ІэпэмитУ, зытеухуар уи нэгум ІупщІу кьыщІагъэувэу, тхылъеджэр куэдым ирагъэгупсыс.

Илъэс куэдкІэ «Адыгэ псалъэ» газетым щыІэжьа лъэпкъыліыр, и ныбжь нэсри, пенсэм тІыеысжащ. ЩапхъэІэ дахэ зригъэльагъуа и бынхэм, абыхэм я быныжхэм езыри яргэгуфІэжу, жьыщхьэ махуэ хьуауэ псэуащ ар 2008 гъэм щІышылэм и 23-м дунейм ехьжьихуІэ, иджы и фІэеплъ нэхур яхьумэ.

Цыхубэм хьэлэлу яхуэлэжьа Къамбий Зуфар дэри нобгъэ ди гум ихуркъым и ІуэхущІафэхэмкІэ, и псалъэ гуапэхэмкІэ, и гушыІэ дахэхэмкІэ кьытэтщ.

КЪУЭШРОКЪУЭ Санэ.

Къардэн Сэхьид и лІыгъэр

1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм ди къэралым къыщыхьа ТекІуэнырэ Иным хэлъхьэныгъэшхуэ хуащІащ ди республикэм и цІыхухэми. Я къаруи, я зэфІэкІи, я псэ дыдэми емыблэжу ахэр тКІийуэ япэщІэтащ бий ерум, ди Хэкум и щхьэхуитыныгъэр яхьумэу. Апхуэдэ зауэлІ къэмыльэнджэжу щытахэм ящыщщ гвардием и полковник, зэрихьа лІыгъэхэмрэ хахуагъэмрэ Бэракъ Плъыжь орденыр щэнёрэ зыхуагъэфэща Къардэн Сэхьид Іэсхьэд и къуэр.

Къардэн Сэхьид *(1902 - 1944)*

КЪАРДЭНЫР Тэрч щыналъэм щыхьэ Теркескэ къуажэм 1902 гъэм къыщалъхуащ. 1917 гъэм екІуэкІа Жэпуэгъуэ революцІэ инымрэ абы къыкІэльыкІуа граждан зауэмрэ зи нэгу щІэкІахэм ящыщщ Сэхьид. Абы и ныбжьыр иджыри илъэс 19 ирикъуатэкъым, Къарэхан шуудзэм и зауэлІ щыхъуам щыгъуэ. Шынэрэ къикІуэтрэ зымыщІэ щІалэщ Іэхьэр мыгугвэу хагъэхьащ а дзэм и гуп хэхам. ИужькІэ, зауэлІ-шууейхэр щагъасэ курсхэр ехьулІэныгъэкІэ кьиуха нэужь, абы и унафэм щІэтащ 26-нэ, 68-нэ, 10-нэ, 126-нэ, 43-нэ шу дивизэхэм я эскадронхэр. А лъэхъэнэм Къардэныр илъэс 24-рэ ирикъуа къудейт.

1930 гъэм Сэхьид щеджащ Псыхуабэ кьалэм дэта, шууейхэр щагъасэ Будённовскэ школым, 1937 гъэм ехьулІэныгъэкІэ къиухащ командирхэм ябгъэдэлъ зэфІэкІхэм щыхагъахьуэ курсхэри. ИльэситІ дэкІри, Къардэн Сэхьид ягъэуващ фочауэ дивизэм и батальоным и командиру.

Псоми дощІэ Хэку зауэшхуэм 1941 гъэм мэкъауэгъуэм и 22-м зэрыщІидзар, арщхьэкІэ зауэлІ куэдым я дежкІэ абы нэхъ пасэу щІидзауэ жыпІэ хъунущ. Совет Правительствэм ищІа Унафэм ипкъ иткІэ, 1939 гъэм и фокІадэм ди дзэхэр зэпрыкІащ КъухьэпІэ Украинэмрэ КъухьэпІэ Белоруссиемрэ я къэрал гъунапкъэхэм икІи абдеж зыщагъэбыдащ, бийр кьытеуэ хъужьыкъуэмэ, абы пэщІэвэныгъэззыр. А кьалэн мышыпхъ зыгъэззщІэну зи пщэ къыдэхуахэм яхэтащ Къардэн Сэхьид зи пашэ ІтасхъэщІэх батальоныр. Адыгэ щІалэ хахуэми абы и нэІэм щІэта зауэлІхэми а зэманым къахутащ нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм я тІасхъэ куэд, я псэ емыблэжу. Абы теухуауэ дэфтэр хъуманпІэхэм щІэлъщ тхылъ куэд. Мис абыхэм ящыщ зым итыр: «СССР-м ЗыхъумэжьныгъэмкІэ и Къэрал комитетым 1941 гъэм щэкІуэгъуэм я 20-м ищІа Унафэ №929-м ипкъ иткІэ, Дзэ ПлъыжьыІм и офицерхэм яфІэщын цІэхэр: ... Брянск фронтымкІэ - майор Къардэн Сэхьид Іэсхьэд и къуэм, фочауэ дивизэм и командирым и къуэдзэм, гвардием и подполковник цІэр іфІащын...»

СССР-м ЗыхъумэжьныгъэмкІэ и Къэрал Комитетым 1941 гъэм щэкІуэгъуэм ящыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ, лъэпкъ щыналъэхэм къыщыззрагъэпэщын хуейт дзэ частхэмрэ зэгухьэныгъэхэмрэ. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр Дзэ ПлъыжьыІм зауэлІхэр зэрахуримыкъурт, апхуэдэуи Іэхэм хальытащ лъэпкъ щыналъэхэм ящыщу зэрихьа ираджэ зауэлІ куэдым урысыбзэр зэрамыщІэр, абы къыхэкІыуи нэхъ гугъу хъурт ахэр зэуэным хуэбгъэсэну. А псори и лъабжьэу Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м, адрей лъэпкъ щыналъэ куэдми хуэдэу, къыщыззрагъэпэщын хуейт щуудзэ. Къэрал мыхьэнэ ин зиІэ а кьалэнрэ пщэрылъ хуащІауэ щытащ гвардием и подполковник Къардэн Сэхьид. Зи гугъу сыщІу 115-нэ щу дивизэ цІэрыІуэращ. Куэдым ящІэ абы и хъыбар.

Дивизэм и кьалэнхэр игъэзащІэу Сталинград фронтым хагъэхьэжа нэужь, Сэхьид щызэуащ Курск, Смоленск, Москва и Іэшэлъашэхэм, Брянск фронтым хэту. Адыгэ щІалэр зэрызэуам техуха хэкІыпІэ кІэщІхэр итщ абы дамыгъэхэр къызэрыратам щыхьэт техъуэ тхылъмэ. «1943 гъэм мазаем и 24-м лъагапІэ 198,522-р ящІэтэнщ щІэзэууэ, Къардэн Сэхьид зи пашэ 2-нэ батальоным щэпэщІэуэм тету пхитхэщ бийм и фронтыр, доту 5, блиндажу 3 иубыдащ. А махуэм и кІэуцІкІэ Къардэным и гупыр зыбжанэрэ пэщІэуащ бий зауэлІ кьебгъэрыкІуэхэм, Іуэхур Іэпщэрыбанэм щыхуэкІуаи щІэІу», - кьыщІахьащ а тхылъым.

Абы щыгъуэ Къардэным къыхуагъэфэщащ Вагъуэ Плъыжь орденыр.

Курск дежи щекІуэкІа зауэжмэ къыщыхэжаныкІащ Къардэн Сэхьид. 11-нэ гвардейскэ дзэм хьихэ гупым и унафэщІт ар абы щыгъуэ. Дзэм и кьалэнт Городок, Витебск кьалэхэр кьащтэну. «1943 гъэм и дыгъэгъазэм екІуэкІа ебгъэрыкІуэныгъэхэм хэту, ныбжьэгъу Къардэным ящыгъэрагъыщхуэрэ ЛыгъэІ зи нрэ зыхэлъ зауэлІу зыкъыгъэлъэгъуащ. Ари абы и нэІэм щІэт гупри кьикІуэт ямыщІэу щызэуащ Подгрудники, Кайкэ, Ольховецы, Сурминэ, Лантьевкэ жыпхэм я Іэшэлъашэм. Бий зауэлІхэм ящыщу кэд яуклащ абыхэм, гъэр ящІащ цІыху 20, орудиеу 6, лагъымыдзу 9, зыІэрагъэхьащ шы 45-рэ абыхэм я шхын зыщІэлъ хъумапІэрэ. КъиигъэлъэгъуаягъэлІ щапщІэ ныбжьэгъу Къардэным хуэфащэщ Бэракъ Плъыжь орденыр». Тхыгъэм зи Іэ щІэльр 83-нэ фочауэ дивизэм и командир, гвардием и генерал-лейтенант Ксенофонтов Александрщ.

Апхуэдэу Къардэн Сэхьид къыхуагъэфэщащ етІуанэ Бэракъ Плъыжь орденыр. Абы щыхьэт техъуэ тхылъым зэритымкІэ, абы щыгъуэ 1943 гъэм и дыгъэгъазэт.

Хахуагъэ хэлъу, къикІуэт имыщІэу нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм ззэуащ Сэхьид. Ар пІпІэнйра уІэгъэ хъуащ, зэрыхъужьу фронтым Іухьэжащ. ЩхьэмыгъазэУ бийм пэщІэт зауэлІым къратащ Хэку зауэ орденым и етІуанэ нагъыщэр. Витебск кьащтэну Городок кьалэм и Іэшэлъашэхэм 1944 гъэм щыышылэм и 10-м жыдІэжкІа зауэ гуащІэхэм зэкІуэдащ гвардием и подполковник, 248-нэ полкым и командир Къардэн Сэхьид Іэсхьэд и къуэр. Хэкум и щхьэхуитныгъэм папщІэ зи псэр зыта зауэлІ хахуэм щышылэм и 15-м ещанэу хуагъэфэщащ Бэракъ Плъыжь орденымрэ Суворовым и орденымрэ.

Сэхьид зэрауклар зэрыт тхылъми я гъусэу, абы и ныбжьэгъухэми кьабгъэдэкІ тхыгъэ кьыІэрыкІат Къардэным и щхьэгъусэу Динэ. «ФІыуэ тІъагъуу, пщІэшхуэ зыхуэтщІу щыта ди командирыр бийм Іэщ1экІуэдащ. Уи пащхьэми къэралым и пащхьэми Тхъэ щыдоІуэ Къардэн Сэхьид и лъыр зэрытщІэжьымкІэ», - итт абы.

Я псалъэр ягъэзэщІащ ныбжьэгъухэм. Я командир хахуэри пщІэ хуащІу щыщІалъхьэжащ Городок кьалэ цІыкІум. Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъ а щІыпІэм щагъэувам нобэ тетщ Къардэн Сэхьид Іэсхьэд и къуэм и цІэр. Адыгэлі хахуэм и цІэр тетщ Тэрч кьалэ дэт фэеплъми. Абы и цІэр зэрехьэ а кьалэм и уэрам нэхъ инхэм ящыщ зыми.

Къардэн Сэхьид и пхъурылъху Чыгъэдыж Артур ящыкІагъэ къратыжащ адэшхуэм зэрихьа лІыгъэхэм кьапэкІуа нэгъуащІ зы къэрал дамыгъэм: абы къыхуагъэфэщащ Невский Александр и орденыр. ЗэрыщІэщІу, а дамыгъэ іпапІэр зыхуагъэфащэр зауэ зэфІэкІ лъагэ зыбгъэдэлъ дзэ унафэщІ щыпкъэхэращ. Апхуэдэ ди шынэхъыжь Къардэн Сэхьид Іэсхьэд и къуэр.

КЪАРДЭН Хьэдис,
тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат.

Городок кьалэм дэт фэеплъым Къардэн Сэхьид и цІэр тетщ.

КЪАМБИЙ Зуфар • • • • Іуэтэж

АНЭ

ГЪЭМАХУЭ махуэщ. Шэджагъуэ нэужь пэтми, дыгъэр иджыри лъагэщ. И кьаруэ псори ирихьэлІауэ игъэпльэ хуэдэщ абы Жэнальхъы сэнтхьжьым и дыгъапІэ нэкІыр. Бэкъыгъэхэри псэ зыІуту хъуари ягъэсабыращ бзий пщтырхэми, дунейр щымыщ: зэхэпхъкъым удэхэм я щэнауэ макъи кьуалэбзухэм я уэрэди. Хьэуари апхуэдэущ пщтыр хъуащи, зы мафІэ хъуаскІэ закъуэм лыгъеІуэ кьыззщІигъэльыдэну пфІощІ. Абы зигъэхьеижьфыркъым икІи, сэнтхьщьхэм дэжейуэ, хъупІэжьмкІэ щІэпхъуэу салъкъым щыІэр кьихьыным и пІэкІэ, ерагькІэ дыму джабэ нэкІум кІэрытщ.

Ауэ хьэуа зэщІэплъам и закъуэкъым нэкІум щыдымыр. Сэнтх джабэм кІэрыуэкъэдия хьэсэшхуэм хэтщ псэ зыІут гуэрхэри.

Джабэ нэкІум кІэрыльтэ бамПІэгъуэр хуэмышэчкъуэ зиІэтауэ, сэнтхьщьхэм ищхьэжкІэ лъагэу щыхуарзэ къашыргъэ закъуэм ахэр кьилъагъу хьунщ, сэху мывэ хужьым кьыхалущІыкІыу лъэбакъуэ тІощыырыпщІ я зэхуакуурэ щІым хатІа сыт псэнщэхэу. Армырамэ, сыт абыхэм хуабаем зыщІрагъэтхьэлэр, сыт банэ Іуфым и жьауэхэм зыщІыщІамыгъапщкІуэр, япэмыжьжьащэу щышкІурэ псынэхэмкІэ зыщІамыгъащІыІэтыІэр, псыхъэм дыхьэу зи Іуфэхэр цІыхунШэ Бальхьыжь зыщІыхамыдзэр?!

Хьэуэ. Псэ зыхэмыт мывэкъым къашыргъэм илъагъуэкъэр. ПщІэнтІэпсыр иралъэщІэкІыну хущІэмыхьэу лажьэ цІыхубзхэщ ахэр. Сыным хуэдэу я пІэм идиИхьауэ ахэр къашыргъэм къыкІэщІмы, цІыхубзхэр зы дзыхькІи щытхьэм - ахэр япэкІэ кІуатэ зэпльтщ. Пэжщ, зэпльу ямыІэу кІуэ пэтми, абыхэм якІуфыр бжьишщ, сыту мыпІэмэ, япэраущ, зыпэрыт хьэсэр дзгъэзеиГыу задзу нэкІум кІэрытльщ, етІуанэрауэ, лъэкІэмым фІэкІа къэмыса нартыху цІыкІуэхэр удз пльэнтхъуиІ Іувхэм зэщІащтащ. ЦІыхубзхэм ящыщ дэтхэнэми илъагър езым и пащхьэм кьиитІ щы Іэгуфэщ, и гур зэтар а щы Іэгуфэм тет нартыху сатыр кІыхьхэр уДз Іувхэм къахитхьэкІэ-зыкІыныбрщ, и ныбгъэр зыхуэунэтІар и гъунэгъуу лажьэхэм къаззрыкІэрымыхунырщ. Зыри хущІыхьхэркъым и щхьэр кьиІэту зиплпхьэхьну, къувыІзу бэуэну, пщІэнтІэпсыр ирилъэщІэкІыну, уеблэмэ дзагуэ хъуа хъэмфІанэр илъыну.

Абыхэм зыхащІэжьыркъым я щхьэ куцІыр дыгъэм кьиізэригъэвари, зэхахьжьыркъым псынщІащІэу кьеуэ ягухэм я макъ хьэлъэхэри. «ЖьыхьжьыхьэІ» - мэзу удз лъэхъц Іувхэм езауэ хъэмфІанэдзэхэр, «Псынщ1эу, псынщ1эу, псынщ1эу» - щоІу цІыхубзхэм я щхьэ ящхьэщІэлъаэхэм абыхэм къаруи псэи кьахэзымынэжа псалъэр. Дэтхэнэми и кьалэнщ нышэдибэ учётчикым кьыхупича Іыхьэр ипщІэну. Абыхэм псоми мы хьэсэр нобэ пщІэн яухьн хуейщ. Армыраущ хъунуКьым. Аращ унафэр. Колхозым Іэжьыгъэр нобэ дыгъэІапІэм щызэфІигъэкІын хуейщ, пщэдей нэгъуащІ щыпІэ щыщІидзэн папщІэ...

Зэрошх хьэмфІанэхэмрэ удз лъэхъц Іувхэмрэ. Удзыр нэхъ кІащхьэ щыхъуа щыпІэхэм деж ґъущІыр мывэ кІэщхьэм щодзэпкъауэ. Псэ яхэту пщІэжьыкІкъым фІанэ зыІыгъ Іэхэм. Езы цІыхубзхэри, зыгъэуэм щІиУантІэу иутІыпща автоматхэм хуэдэщи, зы щытыкІэм тету мэщэнауэ, я Іэбло дияхэри Іэгуфэр щІэзыІэхьнщІыкІа фІанэри зы хьужьэ къыпфІэгъэшІу... Ауэ ар къыпфІэщІ кьудейщ. Гъуэгу кІыхь зэпачыну щІэпхъуэ спортсмен гупым ящыщу нэхъ бэшэчыр, нэхъ ерыщщр белджьылы къыщІыхьэр абыхэм зыкъом яжа нэужьу зэрыщытым ещхьу, цІыхубзхэм щыщ гуэрхэри япэ йощ, зыгуэрхэри иужь къонэ, ауэ зыкъомыр иджыри здэкІуэ зэрыщхьэщыкІымгъэкІыу. Ахэр нэбгрэкІэ зэхуоплъэкІ, зодзІуэкІ, ауэ я щхьэр кьызэрамыІэтщ...

ЯпІэ ищащэм ящхьэпрыкІыжащ цІыхубз гуэр. Ар псынщІэу, Іэкіуэлъакіуэу мэлажьэ. Абы и Іэпкъльэпкъ щэщІар дахэщ, зэкІужщ, и ныбжькІэ зэрыщІалэри, къаруКІэ адрейхэм зэрефІэкІри къыбжиІэу. Ауэ ар щІэпІащІэр псом япэуи хъэсэкІэм нэсу Іэнатіэщ1э кьрихужьэну ара къудей хуэдэтэкъым.

Лъбакъуэ тІощІ хуэдизкІэ ящхьэщыкІа нэужь, кьызэщІэуэныкІри, абы и щхьэр кьІэитащ икІи хьэсэпэмкІэ зигъэзащІ. Іэдакъэжьауэ ищІри, жьыжьу пльэуэ уващ. Дакъикъэ нЫкъуэ хуэдизкІэ апхуэдэу щытри, и гур нэхъ зэгъэуэ фэ тету, лэжьэн щІидзэжащ.

Хьэсэм хэт псоми ящІэрт Гулэ (арат а цІыхубзым и цІэр) здэпльэр дэнэми, апхуэдизу щІэпІащІэр сыІтми. Зы километр хуэдизкІэ ахэр зыпэІэщІэ хъуа хьэсэпэм деж нысащІэ зыбжанэм я сабий быдзафэхэр кьыщанат. Абыхэм ящыщт Гули.

Сабий быдзафэхэр жьыгжь гуэрым и лъабжьэм деж, хэти гущэм илъу, хэти мэкъу щабэ ІэплІэм тращІыхьа пІэм хэлъу, щІыжейрт. Абыхэм ябгъэдэст илъэсибгъу-пщІы зи ныбжь Тазрэт щІалэ цІыкІур, Гулэ и пщыкъуэм и къуэр. Сабий-хэм ящыщ гуэр къэушрэ гъын щІидзэмэ, щыхуэмыгъэудэІужьым, Тазрэт цІыкІум гуахъуэм хъыдан хужь фІиПхьэу ар ину иІэту игъэщэнэуэн хуейт. А кьалэным ар цІыхубзхэм апхуэдизу ирагъэсати, щІалэ цІыкІум абыхэм яжриІэфырт гъыр зейр дэтхэнэрами.

Ауэ куэдыІуэрэ зыми закъригъэщІатэкъым Тазрэт нобэ. Арат Гулэ зыгъэпІейтейр. «Ари сабийщ, куэдрэ Іурихын», - егупсысырт ар, нэхъ псынщІэу хьэсэкІэм нэсыну здекъум. Езы Гули нэхъ щІэхьырэ хьэсэм хэкІын хуей хъурт, абы и къуэ цІыкІур адрей сабийхэм нэхъыбэ нэхъ цІынэт, мазищ ирикъуа къудейти, сыхьэт зэкъ зэ лъыгъуэзэн хуейт.

Гулэ гукІэ кьипщытащ и къуэр нетІэ быдз зэрыригъафэрэ блэкІа зэманыр сыт хуэдизми. ИкІи хуигъэфэщащ абы лъандэрэ сыхьэтитІ хъуауэ. «Гъэщ1эгъуэнщ, - егупсысырт ар. - Апхуэдизу дих хабзэтэкъым... Сабийр альандэрэ къэмыушауэ ара?.. Хьэмэ Тазрэт жеи мыгъуэ пІэрэ? Арамэ, къэуша сабийр гъыуэрэ зэгуэтхъэнщ...» Гулэ, къэгъэзэвуэ, къыззщІэувыІыкІри, аргуэру хьэсэпэмкІэ пльащ, ауэ Тазрэт апхуэдэ кьызэрыщымыщІ хабзэр игу кьэкІыжри, лэжьэн щІидзэжащ, зыхуэблэгъа хьэсэкІэм нэсмэ, нэхъ фІэтэмэму. АрщхьэкІэ абы и Іэпкъльэпкъыр игъэдийрт и гум кьильэда гуэзвэгъуэм, зыхищІэрт быдзышэр из зэрыхъуа и бгъитІыр нэхъри кьызэрыпщІыр. Зыщ1эвыІыкІри, аргуэру абы хьэсэкІэмкІэ зигъэзащ, мыдымыжьэуам пхьилпІу, пхьидзІуКІыу... ПщІэн щІидзэжауэ, абы зыхищІащ иджыпсту щыдзІуам щыгъэ макъ гуэр зэхиха хуэдэу. Аргуэру лэжьэн щигъэтри зэщІдзІуКІащ... Пэж дыдэу, абы зэхихьэрт макъ псыгъуэ гуэр. ЯпэщІыкІэ Гулэ ар кьыфІэщІащ кьдзэыгъуэ е дамэ зытет нэгъэущ псэущхьэ зрыщІэщыІыкІри, аргуэру абы хьэсэкІэмкІэ зигъэзащ, мыдымыжьэуам пхьилпІу, пхьидзІуКІыу... ПщІэн щІидзэжауэ, абы зыхищІащ иджыпсту щыдзІуам щыгъэ зэхиха хуэдэу. Аргуэру лэжьэн щигъэтри зэщІдзІуКІащ... Пэж дыдэу, абы зэхихьэрт макъ псыгъуэ гуэр. ЯпэщІыкІэ Гулэ ар кьыфІэщІащ кьдзэыгъуэ е дамэ зытет нэгъэущ псэущхьэ зрыщІэщыІыкІри, аргуэру абы хьэсэкІэмкІэ зигъэзащ, мыдымыжьэуам пхьилпІу, пхьидзІуКІыу... ПщІэн щІидзэжауэ, абы зыхищІащ иджыпсту щыдзІуам щыгъэ макъ гуэр

И мызгъуэр и бжьымэщ

ХьэтIохъущыкъуей Ипщэм и псалъалъэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 2-нэ нап. итщ).

Гъэсэкъуэн - гъэсэныгъэ иратын хуейм и мардэм икIыу сабийм техьэлъэ щытехьуэкIэ аращ жаIэр. «Согъасэ жыпIэу умыгъэсакъуэ, мыри цIыхуш, апхэудзэу утемыгуплI», жаIэ.

Дакъ - нэщIэпкIэр зэрыс быдапIэ шыхьам аращ зэреджэр.

Дестэ - сенычыр зэрылъ пхъынтэ цIыкIум щхьэкIэ жаIэ.

Джэгушэс ежьэн (хыхьэн) - зы хьэблэм дэс щIалэгъуалэр нэгъуэщI хьэблэм дэс щIалэгъуалэм деж къыззэрыгъэIуэрэр лIыгъэшыгъэкIэ зэныкъэкъуну ежьэмэ, джэгушэс ежьащ е джэгушэс хыхьащ, жаIэ.

Джэмыщ1э I - Iуэхутхьэбзэ ебгъэщIыну яутIыпща цIыхур Iуэхутхьэбзэкъуэу къыщIидзажмэ, е пщэрыль щащIар зыхуэу хуэзэу имыгъэзащIэмэ, джэмыщIэщ, жаIэ.

Джэмыщ1э II - хъыбарыр тэрэзу зэбрызмытыкIыеф е екIуу зэкIэльзымыгъэкIуэф къуажэ гъуом щхьэкIи апхэудзэу жаIэрт.

Дыщэ сырымэ - щымыщ хэмылъу дыщэ къабзэ, жьхуиIэщ.

Дэджэж - къызэрашэрэ куэд мыщIа нысащIэм е малъхъэр зэрагъэтрэ куэд дэмыкIамэ, благъэщIэм и лъэныкъэкIэ гуауэ къэхъумэ, зыбжанэ зэрытрагъаззэм апхэудзэу йоджэ. «Дэджэж тегъаз сощIри, ныздэкIуэ», жаIэ.

ДэкIуэдзэж - гущыкIыгъуэу зыгуэрым къыкIэлъыдзыжьыхь цIыхум щхьэкIэ жаIэ.

Жьыбатхъэ хъун - и жьыщхэ зыхуэйр игъуэту, зыщыщIэ щымыIуэ псэуа, нэщIэжьхэ гуэрэ имылъагъуэу зи дуней Iыхьэр зыхьам апхэудзэу хужаIэ. Жьыщхэ махуэмрэ жьыбатхъэмрэ зэрызэщхьэщыкIэ щыIэ. Жьыбатхъэм мульткур, зыми щымыщIэныгъэр и Iуэхум хэлъмэ, жьыщхэ махуэм и Iэхуэм жьлэм къыхуащI пщIэмрэ Iулыджьымрэ и лъабжьэщ. ТIуми пщIэ хуащI пэтми, хьэтыр зэрагъэутыр Iуэхугъэ зэмыщхьэ. Псалъэр ЩоджэнхьэблэмкIэ щыщхэм нобэми зэрахьэ.

Забжэ - губгъуэ бжэн. Къэбэрдей хьэжрэтхэм забжэ жьыхуаIэр губгъуэ бжэным и фэращ.

Зэзэн - щIыр мэзаэз, жаIэ. Зы гъэм гъавэр къытрахрэ къыкIэлъыкIуэ илъэсым зрагъэгъапсэхумэ, апхэудзэу жаIэ.

Зэл - адэкIэ зырызу анэкIэ зы зэшхэр. Зэлщ, жаIэ, зэкъуэшитIмэ, зэл-зэшыпхъущ, жаIэ, зэдэлъхуэзышыпхъумэ.

ЗэщIэзэблэ - гъэжь зыбжанэм зэпыщIауэ щатепсэлъыхькIэ, зэуэ къызэрызэдгъэзыбыд псалъэ.

Зигъэмымыжу - зигъафIэу, зигъафIэрафIэу, жьыхуиIэщ

И гущIэр изын - къэщтэн; къызэрыщтам къыхэкIыу гузэвэн.

И цеикIэ къуащIэр гъэзнэн - сыт къыхэхъуэми зыми имыщхьэпэу зыфIэкIуэдыжьым, кърихьэлIэр зэмыхъуIэм щхьэкIэ и цеикIэ къуащIэр гъуанэщ, жаIэ.

КIынэс - зы къуртI е Iубыгъуэ нэхърэ нэхъыбэ.

КIэрмаущ - зыр щIыхьэмэ, зыр щIэкIыу, уэру лъэIуакIуэр здыщIыхьэм щхьэкIэ кIэрмаущу щIэтщ, жаIэ. Къалэдэхэм я псалъэщ.

КIэрэмайуэ // кIэтIрэмайуэ - зэкIэрыщIауэ, зэкIэлъэIуфу, жьхуиIэщ.

Къандзэлыфэ - удз лIэужьыгъуэцIэщ.

КъигъэпщыкIутIыкIын - пшынэ Iэпэхэм ирижэу фIэкIа умыщIэну, пшынэ Iэзэу еуэм щхьэкIэ, кърегъэпщыкIутIыкI, жаIэ.

Къуажэлъхудэ - къуажэм и щыдэлъху лъэпкъыжьхэр. Къуажэ зэхуэхусым щыгъуэ зэхьыхьэжь кIэхэм я лъэпкъэрацI къуажэлъхудэу къалъытэр.

Къудас, Къудысей - къуажэдэс нэхъыжьхэр Ерусэлим къалэм зэреджэр апхэудзэуц. Псалъэр хьэтIохъущыкъуейхэм я бзэм имызакъуэу зэрыдадыгэбзэуи къыхэнаэу хэтщ, ауэ мащIэщ абы и купщIэ дыдэмкIэ зыцIыхуэжьр. АдыгэцIэхэм яхэту урохьэлI: Жанкъудас, Къудасбий, Къудасскъуэ, нэгъуэщIэри.

Къудасым и КъурIэнхэр щагъаззэ мазэ - къуажэм дзэ цIыхуб нэхъыжьхэр нэщI мазэм зэреджэр аращ. Къудасыр удз лIэужьыгъуэми, Iэщэ лIэужьыгъуэми я фIэщыгъэщ. Удз лIэужьыгъуэу ар зыхуахьыр зи бзийр бгъуэзу зи пкъыр кIыхьу илъэс Iэджэкlэ къэкI зы удзщ, урысыбзэкIэ «ковыль» жьыхуаIэращ. Пасэрей фоч лIэужьыгъуэ гуэрми адыгэхэр къудаскIэ бгъэзу щытащ.

Къудысей алтэс - щэкI пIащIэ лъэпкъщ. ЦIыхубз узэрэщхьи къыхэтыжа псалъэщ. «И джбзби IэлъэщIыр къудысей алтэсеим къыхахат, и фIыпIэм дыгъэ бзийр щыджэгу фIэкIа умыщIэну цIуу, птемыщэтын хуэдэу и лэри щабэу», жаIэрт.

Къумэжь - адыгэхьэ лъэпкъыгъэщ, «ХьэтIохъущыкъуэхэ я хьэ лъэпкъыр», жызыIи урохьэлI.

КъурIэн боз - щэкI хужьу къежьащ, КъурIэн ерджэр абы и гущIыIум сыт хуэдизрэ икIами баш цIыкIу къыщыхигъэщу. ИужьыкI тхьылъмпIэм хуэкIуащ.

КъурIэн икIын - илэм щыщIэдзаэу икIэм нэс КъурIэныр щIэзыджыкIым щхьэкIэ «КъурIэн икIащ» жаIэ.

КъурIэн щыгъэ - пхъэм къыхэщIыкIауэ нэхъыжьхэм зэрахьэу щыта нэмэз щыгъэ IэпкIэгъэщ. КъурIэным щыщ сурэ кIэщIхэр къабжьэр а щыгъэ лIэужьыгъэр зэрагъажэрац апхэудзэу щIыжаIэр. Къущцыхэм е мывэм къыхэщIыкIа щыгъэхэм КъурIэным щыщ сурэ кIэщIхэмкIэ къекIуэкIыу щытащхьым. Псалъэр Бешкъэзакъэблэзкъэм нобэми зэрахьэ.

КъурIэнтелэбэ - Iэпэр теплъхьэну къэрагъэкIуртэхьыми, КъурIэн щеджэкIэ, пхъэпэ щабэ цIыкIыкIэ тхыгъэм иракIуэу щытащ.

КъурIэнылъэ - КъурIэныр хуэфIу иралъхьэу щэкIым къыхэщIыкIа нэд, псы иIэу, щыIыкIэ ялхэжу, щхьэ хуэщIыжауэ. Бжэныфэ и гущIыIум илъу къыпалъхьэрти, къурIэнылъэр дэпкъым пылъу зэрахьэрт.

КъуеийпIастэ - щэжьпсым къыхамыхыуэр хэтIэтIыхьа кхъуей. Гуащэшхуэхэм хуащI хьэлывэм далъхьэр кхъуейпIастэу щытауэ къалъэтэж.

ЛъабжьэIэфI - мы псалъэр зытеухуар бзылъхугъащ. «АнэзэпIэсыр уэсым нэхърэ нэхъ щIыIэщ», жаIэу псэлъафэ щыIэми, анэзэпIэсыныр зи натIэ хъуэхм къаухIырт быныр езым къипхъуауэ фIэкIа умыщIэну зыхуей хуэзыгъазэ цIыхубзхэр. Мис апхэудэ цIыхубзхэм щхьэкIэ лъабжьэIэфI, жаIэрт. Псалъэм епхауэ хъыбар кIэщI цIыкIу щапхъэу хуэхъынут.

Мэрэшэнкъуэ Хьэрискlэ ерджэу Зеикъуэ лIы бэлыхь дэсащ. Абы и япэ щхьэгъусэр дунейм щехьыжьм, зыр зым нэхъ нэхъ цIыкIуу бынитху къыщIэнат. КIэщIу къашэжа цIыхубзыр, Дадым зи цIэр, мыльхубыным егъэлеяуэ IэфIу яхущIатащ, езыми бынитху игъуэтыжа пэтми, зы махуэ зэхэдз ищIакъым. Ар щыгъэтауэ, Дадым дунейм ехьжауэ къимыльхуэ мыльху бы зыным здагъэйм, хьэдагъэ къэкIуа цIыхубзхэм ар жаIащ, «къилъупами апхэудзэу ягъеинтэкъым», жаIэри. Абдежщ япэ фIызым кIыльхуаэм Дадым зэрыанэнэпIэсыр къыщащIар. «Дадымурэ ди лъабжьэIэфI, уи IэфIагъэм сирэт лъэмыжьыр къыщIокI», жаIэурэ ягъеящ, жаIэ.

ПэупIэжь - плъыр пашэ, плъыракIуэ нэхъыжь.

МамыкIуэ - сабийр и анэм къыкIуэцIыхьэ цIыхьэ.

Мэжэн - чыцI ныбжьым ит щIалэ цIыкIу къуейщIей.

Мэзбий - енэбым щыщ удз лIэужьжьыгъэщ, урысибзэкIэ «папоротник» жьыхуаIэращ.

Мэзмыт1 - гъэсыныр унапхъэуи мыщыкъэпэ къуацэ-чыцэ мэз.

Мысыр альтес - щыхуэкIэплъыкIэу зэщIэпщIыпщIэ щэкI пIащIэ лъэпкъщ. Гуащэ фащжэм щхьэкIэ зэрахьэу щытащ.

Наныщ - сабий къалъхуагъащIэм псы дзэзгъэжэх, хьыдан жэрымэм кIуэцIызыплъхьэ цIыхуб.

НэбзыкIэ - ныбжьыщитIыр унагъэхэ зэувэлIэну псалъи Iэужьи зэIэпахауэ щIалэр дунейм ехьжжмэ, къэна хъыджжбзым апхэудзэ ерджэрт. Нэбзыкlэр нэчыхь иIэу унагъуэ имыхьами, Iэужь иIэ хъуати, апхэудэр щIалэм и хьэдагъэм хыхьэныр ягъэемыкIутэкъым, мыкIуэныр нэхъ къемызэгъэIыу къалтытэрт. Нэбзыкlэр хьэдагъэм хьхьамэ, хьэдэр зыхуигъейр дунейм ехьжа тхъэмыщкIэм и анэ нысэгъурат. Жэхафэми жьжьэ къыфIэмыкIыщуэ щрагъэтIысэхьрт. Хабзэр ноби ХьэтIохъущыкIуей къуажэм дэлъщ.

Пащт - щтырыгъу трищIар мыльпIэ мыхъуауэ, утеувэкIэ узымыщэжьми мыл пIащIэ; тещтыкIагъащIэ.

Псапэпсынэ - пщIэ зыхуащI цIыкIу щIагъуэм и цIэкIэ къащIыхь псынэ.

ПсыкIэщ - псым щIэтIысыкI кIэнтхъ.

Пшынэефэ - пшынэ еуэкIэ зригъэщIарэ зэуэну пшынэр имыIэмэ, пшынаэуэм и ныбжьэгъу-жьрэгъуэхэр ар и щхьэусыгъуэу зэхьыхэрти, ахъшэ зэхэдз хуащIырт. Пшынэхьэху еуэ пшынауэм «мыр къыхэдзэ», «мыбы къеуэ» жьхуаIэм еуэурэ къыгъэфэн хуейт цIыкIуэкIуэлIар. Къэфам гурыхь щыхъуамэ, гурыхьыпщIу яту ягъэ ахъшэ зэхэдзэм къыхилъхьэрт. Арат пшынэефэ хъур.

ПщIэмыхь Iуэху - пщIэ зыпымылъ, фIыщIэ къызыпэмыкIуэн Iуэху. Жьыслэм кьедаIуи ухуищIегъуэжьинкъым, пщIэмыхь Iуэхущ, уэкъмылъадэ, жаIэ.

ПыIуэ - ищIэн имыгъуэту зэфIэлэлу дзт цIыхум щхьэкIэ гушыIэу жаIэ псалъэщ.

ПIалъэдзэгъэкI щын - зы пIалъэ къыхахьы абы ирихьэлIэу зэраухьэлIа Iуэхур щхьэусыгъуэ гуэркIэ зэфIыхьа мыхъуамэ, лъэныкъуитIыр иджыри зэ зэхуэарзэшуэ зэгуроIуэж а Iуэхур нэхъ кIасэу зэфIахьну, нэгъэщIыгъ жьпIэмэ, иджыри зы пIалъэ къыхагъэкI, аращ пIалъэдзэгъэкI щIын, жьхуаIэри. Бесльэзакъэхьблэм щыщкъым я бзэм куэдрэ къыхэхуэ псалъэщ.

Сэрсэлам ишх нэхъ» и - жьэр имыгъэувыIэу жьэгъэшхэ цIыхум щхьэкIэ аращ жаIэр. Сэрсэламыр Iэщым ирагъэшх удз лъэпкъыгъуэщ.

ТIэушэ - бын зыхуигъэта цIыхухъур щхьэщыкIуриикIмэ, цIыхубзыр зыщыщ лъэпкъым ирамытыжу е и пщыкъуэм, е дунейм ехьжам и щхьэгъусэм и лъэпкъым щыщ нэгъуэщI цIыхухъуэм ирагъэшэжу щытащ, сабий зыщIэс цIыхубзыр зэхэзехуэн иремыхъу, быныр и лъэпкъым къыхренэж, жьхуаIэу. Аращ тIэушэу яшэжа цIыхубз, жьхуаIэр.

Тегъаз - махуэ зыбжанэкIэ унагъуэм яхэсыну къэкIуэ хъэщIэ дыщысыну, дауэрщэрыну ар щыIэхэу къытригъаззэурэ къыкIэлъыкIуэ цIыхум щхьэкIэ апхэудэу жаIэ.

Техъушышэн - зыгуэрым техъушцIыхьэн, зэпымычу жьэкIэ шхын, зэпымыууэ зыгуэрым ешхыдэн, жьхуиIэщ.

Толыгъуэ - нэгъуэщI зыгуэр, нэгъуэщI IэужьыкIыгъуэ, жьхуиIэщ.

ТIэкIурэкIу - Iэгъуэблагъэ, Iэхэлъаэх, Iэшэльашэ.

Фэжагъэхьэ ежьэн - зыгуэрым тепсэлъыхьыкIн гуращэкIэ уэрэсраклуэ хьыхьэн, жьхуиIэщ.

Хамэунэ - хъыджжбзым и дэкIуэгъуэ къабзэ щыхъуа меданым щегъэжьауэ лIы дэкIуэхункIэ щалъхуэ унэу зэрысым щхьэкIэ хамэунэ жаIэ. «Хъыджжбзыр хамэунэщ», жьхуиIэм ар имыунэ ищ жиIэу аракъым, атIэ ар зэрыс унэр зыгуэрым зыхуигъэхьэзыру пIалъэкIэ зэрыс унэ жиIэу кърагъэкIыу аращ. Психологие Iуэхущ: укъэзылъхуахэм, абыхэм нэхъ гъунэгъу уи гъащIэм хэмыт пэтми, зэм-зэм уаззрыхэкIынур пщIэн хуейщ, абы имызакъуэу игъуэр къэсмэ, ухуэхъэзырыни хуейщ. Псэлъафэри псалъэри апхэудэ гупсысэкIэщ къызыщIэщIар.

Хьэгузс имыIэн - зэгъунэгъуитIым я унапIэр зэгъэкъуауэ, дах имыIэу зэгуэту щытмэ, хьэгузс имыIэу зэкIэщIэтщ, жаIэ.

Хьэдзэпэс - цIыхухъу хьэдэр махуэм щIамылъхьауэ жэщым илъын хуей хъумэ, щхьэщыс и Iыхьлы-Iэулэдзэм апхэудэу йоджэ.

Хьэдзэджагуэ щын - пщIэрэ щхьэрэ зыхуэфащэ цIыхум и ужь-кIэ хуэмыфащэ кIэлъызэрахьэу къыхэкIмэ, хьэдзэджагуэ ящIащ, жаIэрт, ар зыIащIэкIаэр ягъэмысэу.

Хьэдзэтеужьгъэ - хьэдэм Iупльэжьну екIуалIэ цIыхур егъэлеяуэ куэд щыхъум деж ар зымыдэ цIыхубзхэм къапсэлъ хабзэу зы псалъэщ.

ХьэкIэхьэсэу - бауэбапщу.

Хьэкхъуи выкхъуи зэхихынкъым (и хьэкхъуи, и выкхъуи зэхихащ) - зы Iуэху гуэрым еIуэлIапхъи ещIакъым. Псалъэм ирилъхьащ, жьхуиIэщ.

Хьэмкъуэ ухъужу - зи щхьэцыр мыжькарэ зэкIощIенIие зэпытым щхьэкIэ ауану жаIэ псалъэ.

Хьэмту - псынщIэу зекIуэу, псынщIэу псалъэу, и Iэбэ-лъэбэкIэми ущIэмыхьэу щытым щхьэкIэ жаIэ. Iэрпхъэрэным хуэдэкъым, мыр еIэепхъэу щытым, посри псынщIэу ищIэ щхьэкIэ, зыми хуэнэмысращ щыжаIэр.

Хьэмщ - къызэрыкIа пIэр зэлъыIумыхьэу, къызыщIакIа унэр зэрымыжьу къэнэмэ, а унэм щхьэкIэ «хьэмщщ» жаIэ. Уегупсыс зэрыхъунумкIэ, «хьэщ» псалъэм къытекIащ, нэхъ иужькIэ -м- макъыр хэувэжауэ аращ.

Хьэнэкъиж - илэжьа мыхъумыщIэр къыдащIэ пэтми, укIыти шыни хэмылъу цIыхум «сэракъым» жиIэу кхъэпсалъэм щхьэкIэ хьэнэкъиж, жаIэ.

Хьэпсафэр къыщыхьэн - и псыхуэIэр хуимыгъэкIыу псы куэд зэкIэлъыкIуэу изыфым щыщIэ жаIэ.

Хьэрэгужэ хъун - зытриубыдэнур имыщIэу хьэжэпхъажэ хъуам аращ хужаIэр.

Хьэткъут - зэхэзэрыхьа. Псалъэр нэхъыбэу зезыхьэр Щоджэнхьэблэ къыкIыжаехращ. Хьэткъуту зэхэлъщ, игъащIэкIэ пхузэхэзыхьынкъым, жаIэ.

Хьэузэпсышэ - лъхуГъэ зыхэмыкIыпхъуэу жьхэ.

Мы псалъэр ди деж къэзыхьэса Ует Барэсбий жиIэжьрт: «ТIэзэлъпIщ, зыфIи и лIыгъэ къыхьынкъым, хужаIэу ди къуажэ лIы гуэр дэсащ. ФIыуэ яIаГъуэу пхужьыIэнукъым ар. Зыбжанэрэ кьишат, арщхьэкIэ бын къыщIэхъуакъым. «ФызмылъхуэщI» яхужиIэурэ иутIыпщыж бзылъхугъэхэм лажьэ зэрамыIэр щIэрыщIэу пIэщхьаГъ зыдагъэутыжам я Iуэхур зэрызэфIэувэжьмкIэ къыумыщIэныр Iэмал зимыIэт. Зэгуэрым бзылъхугъэ щIалэ лъыхъуащ мо лIыр, арщхьэкIэ къратын ядакъым. ЛIым кIыхьэ гуэркIэ зэбгрыутIыпщкIыу иригъэжьагъэнти, цIыхубзым и адэ шыпхъэри тIасхъэу къыщIэкIынтэкъыми, гуауэ дыдэу кьещащ: «ЛIыкIэ къуджэнуми укъуэзащ, къомыджэнуми ухъуэшэсышэщ, псы утхъуам хедгъэтхъэлыхьэн диIэкъым, зыблегъэх», жиIэри. Дунейм ехьжыхуэ имыIуэху зэримыхуэжьну лIыр яГъэIэсат а псалъэ дыджжэм. Ауэ адыгэбзэм и зы псалъэ хэмыту къэна хъуащи, фIы зыхэмылъ гуэри щыIуэ къыщIэкIынкъым.

Хъурыгу - и щхьэгъусэм ищIэри кьыпсэлъри имыдзу зэпымычу техъущIыкъыбзэ.

Чэбрэчыр зытехуэн - чым ещхьу, тхьэмпэ щIагъуи къыпымыкIэу кIыхьу дэкIей къэкIыгъэ лIэужьыгъуэщ. Къущыкl щIыпIэхэм упхрымыкIыфу Iуву щокI. Банэ цIыкIуэр тетщ чэбырэм. МафIэр зэхэмыкIыжу куэдрэ иIыгъщ, ауэ и кIыхьнри и къэхьынри хьэлъщ. Удыну къыштехуэми, егъэуэ. Іустахэм яIыгъ ар. ЦIыкIуэр къэзыхьахэу щытар чэбырэщ. ЩIалэжь щыкIуэкъым яГъэбамIэ нанэхэм гьбзафэ щабэу зэрахьэу щыта зы псалъэщ.

Шыгъуэз - къупщхь зэуэм трагъэхьэн хуэдэу шыгъушыпсым халъэфа щэкI.

Щалъхуэ - зэуэ щы къэзылъху, щIэжьеиц къызыщIэхъуэ.

ЩэнкIэщI - и щэн икIа, зэрызымыщIыпхъэу зызыщI, щэнынщ.

Щоджэн дамыгъэ тельщ - Iэщагъэм теIэзэщIыхьыжьхэм хуэмейуэ зыхуей хуэзэу зэгъэпэщамэ, жьIэгъэр ирахьэлIэ.

ЩIхьэпсу (иужьрей -у- макъращ хэшын хуейр) - цIыхуу щхьэприх, цIыхуу псынщIэ, ауэ жьIэпIэр зэрызэхиха щIыкIэр къыпхузымыщIэу зыгъэзащIэм щхьэкIэ жаIэ, гукъеуэ тIэкIу щIэлъу. ЦIыхубзым и бзэращ нэхъыбэу къызыхэхуэр.

Iэбакlуэ - дунейм къытехьа сабийр мамыкIуэм къыIэщIихьу и бынжэр пызыупщI.

Iэдэгъуэмылъэ игъэуэн - Iэр щхьэм щIэгъэкъуэн, жьхуиIэщ.

Iэпэгъаф1э - нэху мащIэ зыкIэридзэ блыным къытещу Iэпэр зэрагъэджэгу щIыкIэм Iэпэгъафэкlэ йоджэ.

Iэпэрыгъажэ щын - зыгуэр бжьн, зыгуэр къэлъытэн.

Iубдзэ - Iункlыбзэ къэбым ирагъапкIэ Iункlыбзэкъым иIэ лэдэх цIыкIум апхэудэу йоджэ. ГъэщIэгъэнраци, ми псалъэр къэбэрдей хьэжрэтхэми бесльэнейкэм зэрахьэ.

ТАБЫЩ Мурат.
Зеикъуэ къуажэм и зы теплъэгъуэ.


Бэч Каринэ


КхъуэIуфэ Бэллэ

Мэкъуауэ Саидэ

Щыгъуэ-щIэж махуэм траухуэ

Иджыпсту дуней пор зэрыува щытыкIэм щхьэкIи къэмынэу, КъБКъУ-м и педколледжым и егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ зэкъуэувэри, «Зыри хуиткъым блэкIар зыщигъэгъупщэну» къыхуеджэныгъэм щIэт Iуэху щхьэпэр ирагъэкIуащ, щхьэж и унэ щIэсыжу. Ар теухуауэ щытащ адыгэхэм ди щыгъуэ-щIэж махуэм икIи лэжьыгъэхэр Инстаграм сайтым еджапIэм щиIэ напэкIуэцIым щызэхуахьэсыжащ.

ФИЛОЛОГИЕ щIэныгъэхэм я кандидат Пэщол Сакимэ и нэIэм щIэту ирагъэкIуэжа Iэужьыгъэхэм ящыщу напэкIуэцIым щыбольагъу филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щыIэх зиIэ и лэжьакIэ, Хьэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым адыгэ IуэрыдуэтэмкIэ и секторым и щIэныгъэлI нэхъыщхьэ Гъут Iэдэм, педколледжым тхыдэмкIэ и егъэджакIуэ Ахьмэт Заур, Тырхум къижьа ди лъэпкъэгъу Абазэ Ибрэхьим, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм фэеплъ махуэм екъэлIа и Iуэху еплъыкIэхэр.

- БлэкIар умыщIэу къэкIуэнум ущыгугъ хъунукъым. Дэтхэнэ зы цIыху акъыльфIэри хущIэкъунущ тхыдэр къытIощIыжыну. Нэхъыжьхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я зэпыщIэныгъэр зыужьыныгъэм и лъабжьэр, еухылIэныгъэхэм я щIидзапIэр. Адыгэхэм хэщIныгъэ ин къыхэтхуэзыхьа Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъу яГъэуба накъыгъэм и 21-р адыгэ лъэпкъым ещхьу. Ар зыбжанэрэ кьишат, арщхьэкIэ бын къыщIэхъуакъым. «ФызмылъхуэщI» яхужиIэурэ иутIыпщыж бзылъхугъэхэм лажьэ зэрамыIэр щIэрыщIэу пIэщхьаГъ зыдагъэутыжам я Iуэхур зэрызэфIэувэжьмкIэ къыумыщIэныр Iэмал зимыIэт. Зэгуэрым бзылъхугъэ щIалэ лъыхъуащ мо лIыр, арщхьэкIэ къратын ядакъым. ЛIым кIыхьэ гуэркIэ зэбгрыутIыпщкIыу иригъэжьагъэнти, цIыхубзым и адэ шыпхъэри тIасхъэу къыщIэкIынтэкъыми, гуауэ дыдэу кьещащ: «ЛIыкIэ къуджэнуми укъуэзащ, къомыджэнуми укъуэшэсышэщ, псы утхъуам хедгъэтхъэлыхьэн диIэкъым, зыблегъэх», жиIэри. Дунейм ехьжыхуэ имыIуэху зэримыхуэжьну лIыр яГъэIэсат а псалъэ дыджжэм. Ауэ адыгэбзэм и зы псалъэ хэмыту къэна хъуащи, фIы зыхэмылъ гуэри щыIуэ къыщIэкIынкъым.

Хъурыгу - и щхьэгъусэм ищIэри кьыпсэлъри имыдзу зэпымычу техъущIыкъыбзэ.

Чэбрэчыр зытехуэн - чым ещхьу, тхьэмпэ щIагъуи къыпымыкIэу кIыхьу дэкIей къэкIыгъэ лIэужьыгъуэщ. Къущыкl щIыпIэхэм упхрымыкIыфу Iуву щокI. Банэ цIыкIуэр тетщ чэбырэм. МафIэр зэхэмыкIыжу куэдрэ иIыгъщ, ауэ и кIыхьнри и къэхьынри хьэлъщ. Удыну къыштехуэми, егъэуэ. Іустахэм яIыгъ ар. ЦIыкIуэр къызыхахэу щытар чэбырэщ. ЩIалэжь щыкIуэкъым яГъэбамIэ нанэхэм гьбзафэ щабэу зэрахьэу щыта зы псалъэщ.

Шыгъуэз - къупщхь зэуэм трагъэхьэн хуэдэу шыгъушыпсым халъэфа щэкI.

Щалъхуэ - зэуэ щы къэзылъху, щIэжьеиц къызыщIэхъуэ.

ЩэнкIэщI - и щэн икIа, зэрызымыщIыпхъэу зызыщI, щэнынщ.

Щоджэн дамыгъэ тельщ - Iэщагъэм теIэзэщIыхьыжьхэм хуэмейуэ зыхуей хуэзэу зэгъэпэщамэ, жьIэгъэр ирахьэлIэ.

ЩIхьэпсу (иужьрей -у- макъращ хэшын хуейр) - цIыхуу щхьэприх, цIыхуу псынщIэ, ауэ жьIэпIэр зэрызэхиха щIыкIэр къыпхузымыщIэу зыгъэзащIэм щхьэкIэ жаIэ, гукъеуэ тIэкIу щIэлъу. ЦIыхубзым и бзэращ нэхъыбэу къызыхэхуэр.

Iэбакlуэ - дунейм къытехьа сабийр мамыкIуэм къыIэщIихьу и бынжэр пызыупщI.

Iэдэгъуэмылъэ игъэуэн - Iэр щхьэм щIэгъэкъуэн, жьхуиIэщ.

Iэпэгъаф1э - нэху мащIэ зыкIэридзэ блыным къытещу Iэпэр зэрагъэджэгу щIыкIэм Iэпэгъафэкlэ йоджэ.

Iэпэрыгъажэ щын - зыгуэр бжьн, зыгуэр къэлъытэн.

Iубдзэ - Iункlыбзэ къэбым ирагъапкIэ Iункlыбзэкъым иIэ лэдэх цIыкIум апхэудэу йоджэ. ГъэщIэгъэнраци, ми псалъэр къэбэрдей хьэжрэтхэми бесльэнейкэм зэрахьэ.

ТАБЫЩ Мурат.
Зеикъуэ къуажэм и зы теплъэгъуэ.

«Спартак-Налшыкым» зэхьэзэхуэр къеух

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2019 - 2020 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэр «Спартак-Налшыкым» къиухащ, зэпеуэр иухыным иджыри джэгуГъуэ пщIыкIуэ къыхуэнэжауэ.

НАКЪЫГЪЭМ и 15-м Мэзкуу щрагъэкIуэкIащ Урысей Футбол Зэгухьэныгъэм и гъэзэщIакIуэ гупым и зи чэзу зэIущIэр. Ар къызэрагъэпэщат видеконференц зэпыщIэныгъэм и Iэмалхэр къагъэсэбэпи. Абы унафэ къыщащтащ 2019 - 2020 гъэхэм премьер-лигэм щекIуэкI зэхьэзэхуэмрэ къэралым и кубокыр къэхьыным теухуа зэпеуэмрэ мэкъуаэгъэуэм и 21-м щыщIыдзэзэкIыну. «Спартак-Налшыкыр» щыджэгу Профессионал Футбол Лигэмрэ (етIуанэ дивизион) Футбол Лъэпкъ Лигэмрэ (япэ дивизион) Iуэхур здынэсам къыщагъэувыIэ, иужьу щыджэгуа гъатхэпэм и 17-м здэщыта увыпIэкIэр дэтхэнэми къыхуэнэу.

Апхэудэ щыкIэкIэ «Спартак-Налшыкым» игъэуэн мэсыу къыуаащ и тхыдэм щыIэхъ напэтэх зэхьэзэхуэр - Урысей Федерацэм футболымкIэ и гуп нэхъыщIэ дыдэм и «Ипщэ» гупым щыджэгуа команд пщыкIуэм ящыщу иужь къинар 3 къудейщ. Зэпеуэм щытекIуауэ къалъытащ ар зэпагъэуэным и пэ къиухэу гупым бжьыпэ щыхьыбгъа «Волгарь»-р. Астрахандэсхэм Iэмал яГъэтащ 2020 - 2021 гъэхэм я зэпеуэр япэ дивизионым щыщIадзэну. Ардыдэм щIобэн етIуанэ увыпIэр зыныГъ Владикавказ и «Алания»-ри. Зэхьэзэхуэм и иужь джэгугъуэ пщыкIуплIым ар сыт щыгъуи щытекIуащ икIи хьэзыр бжьыпэм адэкIи щIэбэныну.

Осетинхэм я хъуэпсапIэр къайхъулIэну фэ тетщ. Япэрауэ, «Алания»-р тхыдэ къулей зиIэ командащ икIи зэгуэрым къэралым и чемпион хъущ, европэпсо утыкум екъуIэныгъэкIэ итащ. EтIуанэрауэ, япэ дивизионым хэт командэ зыбжанэ мыльукIэ пэмыльэщу зэхьэзэхуэм езыр-езыру хокIыж. Иужьу аутэущ зы щIа, ди лъахэгъу Къалмыкъ Амур зыхэта, «Армавир»-мрэ Владивосток и «Лучэнергия»-мрэ къаззэрыкIлъыкIуэнур наIуэщ - коронавирус уз зэрыщIалэм ар мрыыми мыщIагъуэу щыта зи экономикэр зэIигъэхьэпа щыпIэ зыбжанэм фотбол командэхэр нэхъапэм хуэдэу зэрыщамыгъэныгъэфынур нэрыпльагъущ. Абыхэм я плэ иуэвэн къызэралъхьэуэнум шэч хэлъкъым. Апхэудэу ящIмэ, Владикавказ и «Алания»-р хьэзырыпсщ, тригъэкIуэдэн мылъкуКи ди лъахэгъу МэшыкъуэИслъам къэзылъхуа къызэрагъэпэща гуп зэкъуэтымкIи. КъищынэмыщIауэ, Осетие Ищхъэрэ - Аланием и командэм пашэныгъэр щиныгъщ етIуанэ дивизионым и гупитхуми етIуанэ увыпIэкIэр къыщыщIэныхьахэм я деж. Ари къалъытэну Iуэхугъуэхэм ящыщщ.

Накъыгъэм и 15-м Мэзкуу щрагъэкIуэкIа Урысей Футбол Зэгухьэныгъэм и гъэзэщIакIуэ гупым и зи чэзу зэIущIэм къыщацта унафэхэм ящыщщ мы гъэм бадзэуэгъуэм (июльм) и 21 пщIондэ ди къэралым футбол зэпеуэхэр зыщIыпIи зэрыщемыкIуэкIынур, премьер-лигэмрэ Урысей Федерацэм и кубокымрэ къащыщынмащIа. Абыхэм екъэлIа зэхьэзэхуэр Iэмал имыIэу яухыжьын хуейуэ Европэм и топджэгу унафэщI нэхъыщхьэхэм къыхуагъэуващ, Чемпионэхэм я лигэмрэ Европэм и лигэмрэ я къэхьэнпащIэ. ЗэIущIэхэр, дауи, цIыхуэхэр къримыкъэпIэу екIуэкIынущ. Япэу зэхьэзэхуэр зэхэзыублэжа Германием и екъуIэныгъэхэмрэ щыуагъэхэмрэ кIэлъыплъыфын хуэдэу адрей къэралхэми, Урысей Федерацэри яхэту, зэпеуэр нэхъ кIасэу зэхьэблэж.

«Спартак-Налшыкым» и къэкIуэнур зэрыхэплъэгъуэщ. Хэт ищIэн зэгуэр щIэзыдзэну къыкIэлъыкIуэ зэхьэзэхуэм ар зэрытехьну щыкIэр?

Ур